ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩIКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№№162-163 (21.321) ● 2008 гъэм шыщхьэIум (августым) и 20, махуэку ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр соми 6-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правителствэм и Унафэ

2008 гъэм шыщхьэIум и 19-м *№460-РП*

1. 2009 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щегъэкIуэкIын Хьэшыр Чылар япэ дыдэу Iуащхьэмахуэ зэрыдэкIрэ илъэси 180-рэ зэрырикъур гъэлъэпIэным теухуа Iуэхухэр.

2. Хьэшыр Чылар япэ дыдэу Iуащхьэмахуэ бгым зэрыдэкIрэ илъэси 180-рэ зэрырикъур гъэлъэпIэным Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм зыщыхуэгъэхьэзырынымкIэ икIи ар егъэкIуэкIынымкIэ къызэгъэпэщакIуэ комитетыр (адэкIэ - къызэгъэпэщакIуэ комитетщ) къэщтэн.

3. КъызэгъэпэщакIуэ комитетым:

Хьэшыр Чылар япэ дыдэу Iуащхьэмахуэ зэрыдэкIрэ илъэси 180-рэ зэрырикъур гъэлъэпIэным Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм зыщыхуэгъэхьэзырыным, ар егъэкIуэкIыным ехьэлIауэ зэфIагъэкIыну Iуэхухэр гъэбелджылын, ахъшэу текIуэдэнумрэ ар къыздикIынумрэ къыщыгъэлъэгъуауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм къыщыхэлъхьэн, ар къищтэн папщIэ;

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и гъэзэщIакIуэ органхэм, щIыпIэ самоуправленэм и органхэм зэгъусэу зыхуагъэхьэзырын икIи ирагъэкIуэкIын хуейщ гуфIэгъуэ Iуэхухэр.

4. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Щэнхабзэмрэ хъыбарегъащIэ IэнатIэхэмкIэ и министерствэм (Тут З.Н.) къызэригъэпэщын хуейщ зи гугъу тщIы Iуэхухэр, апхуэдэу Хьэшыр Чылар теухуа тхыгъэхэр цIыхубэ хъыбарегъащIэ IэмалхэмкIэ къэгъэлъэгъуэныр къалэн щыщIын.

5. Мы Унафэр гъэзэщIэным кIэлъыплъыну къалэн щыщIын Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ ДыщэкI М.Р.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщI
ЯРИН Андрей.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм шыщхьэIум и 19-м къыдигъэкIа Унафэ №460-РП-м ипкъ иткIэ къащтащ

Хьэшыр Чылар Iуащхьэмахуэ бгым япэу зэрыдэкIрэ илъэси 180-рэ зэрырикъур Къэбэрдей-Балъкъэрым щыгъэлъэпIэным зыхуэгъэхьэзырыным икIи ар щегъэкIуэкIыным теухуа

КъызэгъэпэщакIуэ комитетым хэтхэр

Къэжэр А.Хь. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Администрацэм и УнафэщI *(къызэгъэпэщакIуэ комитетым и унафэщI)*

ДыщэкI М.Р. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ *(къызэгъэпэщакIуэ комитетым и унафэщIым и къуэдзэ)*

АфIэунэ А.М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Физическэ щэнхабзэмрэ спортымкIэ и комитетым и унафэщI

Бабаев Хъу.Хь. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым ЩэнхабзэмкIэ, спортымкIэ, туризмэмкIэ, цIыхубэ хъыбарегъащIэ IэмалхэмкIэ и комитетым и унафэщIым и къуэдзэ *(зэрызэгурыIуам тету)*

Думэн Хь.М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и чэнджэщэгъу *(къызэгъэпэщакIуэ комитетым и секретарь) (зэрызэгурыIуам тету)*

Чылар З.Гъу. - Хьэшыр Чылар къытехъукIахэм ящыщ *(зэрызэгурыIуам тету)*

Сорокин В.И. - Налшык къалэ округым и администрацэм и IэтащхьэмI и къалэнхэр зыгъэзащIэ *(зэрызэгурыIуам тету)*

Соттаев Къу.С. - Iуащхьэмахуэ муниципальнэ районым и администрацэм и Iэтащхьэ *(зэрызэгурыIуам тету)*

Тут З.Н. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щэнхабзэмрэ хъыбарегъащIэ IэнатIэхэмкIэ и министр

Фырэ Р.Б. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм курортхэмрэ туризмэмкIэ и министр

ХьэфIыцIэ М.М. - «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ, «Адыгэ Хасэ» Къэбэрдей-Балъкъэр республикэ жылагъуэ зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ *(зэрызэгурыIуам тету)*

Хьэшыр А.В. - Хьэшыр Чылар къытехъукIахэм ящыщ *(зэрызэгурыIуам тету)*

Шипов В.А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм дыкъэзыухъуреихь дунеймрэ щIыуэпсымрэ хъумэнымкIэ и министр

Щхьэгъэпсо С.Хь. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министр

● Ухуэныгъэ

Тэрч къалэ и уэрамхэр зыгъэдахэ ухуэныгъэщIэхэм иджыри зы къахэхъуащ. Иджырей мардэхэм изагъэу ящIа сату IуэхущIапIэшхуэр инщ икIи екIущ. Къат зыбжанэу зэтет универмагыр абджыпс дахэкIэ къэщIыхьащ, абы и IуплъапIэр егъэдахэ фонтаным.

Сату IуэхущIапIэм и кIуэцIыр зыхуей хуэзэу къызэрищIыкIам хуэдэу и пщIантIэри къызыхуэтыншэщ. Абы и хъуреягъыр плиткэкIэ къищIыкIащ, уэздыгъэхэр щыфIэдзащ, тетIысхьэпIэ цIыкIухэри егъэувэкIащ.

Сурэтыр **МАМИЙ Руслан** *трихащ.*

● Абы дегъэпIейтей

Iулъхьэхэр къэзыгъэлъагъуэ хьэрычэтыщIэхэр нэхъыбэ мэхъу

Хьэрычэтыщ Iэ лэжьыгъэ курытым, мащIэм зиужьын папщIэ сыт хуэдэ Iэмалхэр щыIэу къалъытэрэ? Ар зэхигъэкIын папщIэ КъБР-м Экономикэ, жылагъуэ шынагъуэншагъэмкIэ и советым щыщхэр еупщIащ хьэрычэтыщIэ мащIэм, курытым пэрытхэм. ЗэреупщIам кърикIуахэр ирагъапщэ нэгъабэ шыIа щытыкIэм.

МЫ ГЪЭМ зы упщIэ щIагъуат: «Сыт хуэдэ IуэхущIапIэм Уэ нэхъ къыптрикъузэу къэплъытэрэ?»

Иджы зэупщIахэр нэгъабэрейхэм къащхьэщокI: зы илъэсым къыщыщIэдзауэ илъэсищым нэс хьэрычэтыщIэ лэжьыгъэм пэрытхэм хуэди 2,9-кIэ хэхъуащ, зи стажыр илъэсищым щIигъуа бизнесменхэу зэупщIахэр процент 15,3-кIэ нэхъ мащIэщ. Апхуэдэу жэуап кIэзытахэм къахэхутащ мэкъумэш хозяйствэмрэ сатумрэ, хьэпшып щIынымрэ ухуэныгъэмрэ, сатумрэ шхапIэмрэ хуэдэу зэуэ IэнатIэ зыбжанэм щылажьэ хьэрычэтыщIэхэу нэхъыбэ.

ХьэрычэтыщIэ лэжьыгъэ мащIэмрэ курытымрэ зегъэужьынымкIэ щыIэ Iэмалхэм зэреплъхэр зыкIи зэтемыхуэхэр хуэдитIкIэ нэхъ мащIэ хъуащ. Апхуэдэ IэмалыфIхэр щыIэу къалъытэ процент 21-м (нэхъапэм зэрыхъуу щытар проценти 8,4-рэщ).

Зыгуэрк Iэ угъэпIейтей етхуанэ упщIэм кърата жэуапым. Абы къегъэлъагъуэ язынықъуэ къэрал, муниципальнэ IуэхущIапIэхэм папщIэ IэмалыфIхэр къызэгъэпэщыным теухуа унафэхэр лъабжьэншэу щIыпIэ самоуправленэм и органхэм къызэращтам щыгъуазэ хьэрычэтыщIэ лэжьакIуэхэр хуэдитIкIэ нэхъыбэ зэрыхъуар. Ар лъэпощхьэпощ зэпеуэм и дежкIэ.

Ди жагъуэ зэрыхъунщи, къыхэгъэщхьэхукIын хуейщ хьэрычэтыщIэхэм я процент 55,7-м къэпщытэныгъэхэр зратхэ журнал зэрамыIэр. Абы щыгъуэми а зырщ къэпщытэныгъэ ирагъэкIуэкIам теухуауэ къэхъу зэныкъуэкъур зэрызыфIах тхылъ закъуэр. Абыхэм ящыщу процент 26,3-м я закъуэщ къэзыпщытэ органхэм я лэжьакIуэхэм тхыгъэ иратхэн папщIэ журналыр зэпымыууэ езытыр. Процент 24,2-м ар щратыр зэзэмызэщ.

КъыхэдгъэщхьэхукIыну дыхуейт хьэрычэтыщIэ лэжьакIуэхэм, властым и IуэхущIапIэхэм, къэпщытакIуэхэм я зэхущытыкIэхэр коррупцэм зэрытещIыхьар. ЗэупщIахэм я жэуапхэм къагъэлъагъуэ дагъуэ гуэрхэр яIэу къагъуэтамэ, Iуэхур ахъшэкIэ зэфIагъэкIыну хущIэкъу хьэрычэтыщIэхэм я бжыгъэм хуэдитIкIэ зэрыхэхъуар. Iуэхутхьэбзэ къыхуащIахэм, къащта унафэхэм, ирата лицензэхэм папщIэ, ахъшэ зыIэщIагъэкI хьэрычэтыщIэ лэжьакIуэхэри иджыри мащIэкъым - процент 66,3-рэ. ЗэупщIахэм я процент 40-р Iууащ къарузехьэ IуэхущIапIэхэм ящыщхэм я дамэ хьэрычэтыщIэ лэжьыгъэр зэрыщIагъэувэм.

ХьэрычэтыщIэ лэжьакIуэхэм я зэхуэдитIыр къэпщытэныгъэхэр зэрырагъэкIуэкI хабзэм тэмэму щыгъуазэкъым. Апхуэдиз дыдэр мэтхьэусыхэ къэпщытэныгъэхэр кIыхьлIыхь зэращIым къыхэкIыу.

ЗэупщIахэм я процент 41,3-м къалъытэ властым и щIыпIэ органхэм хуит къызэращI тхылъхэр кърэтыныр нэхъ тынш ящIын хуейуэ. Процент 52,6-м къагъэув налог органхэмрэ езыхэмрэ я зэхущытыкIэхэр нэрылъагъуу щытын хуейуэ.

IэнатIэм зиужьу къэзылъытэр зэупщIахэм я процент 46,3-рщ, Iуэхур зы мащIэкIэ екIэкIуауэ къалъытэ процент 15,7-м. Iуэхум нэхъ ткIийуэ бгъэдохьэ Прохладнэ къалэмрэ Прохладнэ районымрэ я хьэрычэтыщIэ лэжьакIуэхэр.

Апхуэдэу IуэхуфIщ хьэрычэтыщIэхэм я нэхъыбэм (процент 88,3-м) жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм, IэнатIэ профсоюзхэм якъуэувэн, апхуэдэу властым ядэлэжьэн зэрыхуейр къазэрыгурыIуэр. Ауэ абы щыгъуэми, зэупщIахэм я процент 36,8-рщ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм хэтыр.

Уэ сыт хуэдэ IуэхущIапIэм нэхъ хуабжьу къыптрикъузэрэ? Жэуапхэм тепщIыхьмэ, япэ увыпIэр налог IуэхущIапIэм (процент 31,5-рэ) етIуанэр мафIэгъэункIыфI IэнатIэмрэ КъБР-м и МВД-мрэ (процент 20) яIыгъщ. Абыхэм якIэлъокIуэ Роспотребнадзорымрэ Ростехнадзорымрэ (процент 17,8-рэ). Зыми къытрамыкъузэу жаIащ зэIупщIам я процент 27,3-м.

КъыхэдгъэщхьэхукIыну дыхуейщ Тэрч районым щыщу зэупщIахэм я нэхъыбэ дыдэм налог IэнатIэм, Аруан районым щыщхэм милицэм и лэжьакIуэхэм къытракъузэу зэрыжаIар.

ШЕВЧЕНКЭ Юрий,
КъБР-м и Президентым и Администрацэм и деж Экономикэ шынагъуэншагъэм пыщIа IуэхухэмкIэ щыIэ IуэхущIапIэм и унафэщI.

«Урысейм и мэкъумэш банк» ОАО-м и кIэлъыплъакIуэ советыщIэм и япэ зэIущIэм абы и унафэщIу щыхахащ Урысей Федерацэм и япэ вице-премьер Зубков Виктор. Абы и къуэдзэщ нэхъапэм а къалэныр зыкъэзэщIа, мэкъумэш хозяйствэмкIэ министр Гордеев Алексей. Апхуэдэ зэхъуэкIыныгъэ зэрыщыIэнур къыхигъэщащ щытащ банкым и унафэщI Трушин Юрий.

ЗЭIУЩIЭМ арэзы щытехъуащ мы гъэм къэралым къищэхуну гъавэм хуэзэну кредит ахъшэр зэрыхухахыну щIыкIэм теухуауэ правленэм иубзыхуахэм. А Iуэхум мазэ 36 пIалъэкIэ сом мелард 36,1-рэ хуаутIыпщыну я мурадщ. Апхуэдэу кIэлъыплъакIуэ советым щызэхалъхьэжащ япэ мазихым банкым зэфIигъэкIахэр. КъызэрагъэлъэгъуамкIэ, илъэс ныкъуэм кърийубыдэу кредиту ятащ сом меларди 138-рэ. Ар нэгъабэрейм нэхърэ процент 20-кIэ нэхъыбэщ. Псори зэхэту щIыхуэу ятар сом мелард 360-м щIигъуащ. Езы банкым и мылъкум проценти 8-кIэ хэхъуащ икIи сом мелард 51,9-м нэсащ. ЗэIущIэм щызэгурыIуащ Таджикистаным и къалащхьэ Душанбе я IуэхущIапIэ къыщызэIуахыну.

«Урысейм и мэкъумэш банк» ОАО-р мы зэманым къэралым и банк нэхъ лъэщ дыдэхэм ящыщщ. АПК-м и IэнатIэхэм кредиту хухахым и процент 54-м нэблагъэр абы хуозэ.

«Урысейм и мэкъумэш банк» ОАО-м и щIыналъэ къудамэм и пресс-IуэхущIапIэ.

● Къэрал IуэхущIапIэхэм

УнафэщIыр зэрахъуэкI

Олимпиадэм щызэщIоплъэ

Пекин и Олимп Джэгухэм блыщхьэ кIуамрэ дыгъуасэрэ Урысей Федерацэм и командэм медаль зэмылIэужьыгъуэ зыбжанэ къыщихьащ. Абыхэм къахощ баш кIыхькIэ лъагапIэм щхьэдэлъыхынымкIэ дуней псом бжьыпэр щызыIыгъ Исинбаевэ Еленэ и текIуэныгъэр. Волгоград щыщ хъыджэбзым дунейпсо рекорд игъэуващ, метри 5-рэ сантиметри 5-рэ зи лъагагъым щхьэдэлъыхри. А спорт лIэужьыгъуэмкIэ жэз медаль къытхуихьащ Феофановэ Светланэ.

Атлетикэ хьэлъэмкIэ дыжьын, жэз медалхэр къэралым къыхуахьащ Клоков Дмитрийрэ Лапиков Дмитрийрэ. Ахэр зыхэтыр килограмми 105-рэ зи хьэлъагъ гупырщ.

Дыжьын медаль лъэнымкIэ къихьащ Лебедевэ Татьянэ.

Атлетикэ псынщIэмкIэ командэм и Iуэхур мы Олимпиадэм къыщикIыркъым. Абы къыхэкIыу Голоцуцков Антон и жэз медалитIыр дыщэ пэлъытэщ.

БэнэкIэ хуитымкIэ дигъэгуфIащ Батиров Мавлет и текIуэныгъэм. Абы килограмм 60 зи хьэлъагъхэм я деж япэ увыпIэр щиубыдащ. КуэдкIэ щыгугъащ тренерхэр Кудухов Бесик, ауэ абы зэкIэ къыхуэхьар жэз медалщ.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

УвыпIэр	Командэр	Дыщэ	Дыжьын	Жэз	Псори зэхэту
1	Китай	40	14	15	69
2	США	24	24	26	74
3	Великобритание	13	7	8	28
4	Австралие	11	10	12	33
5	Германие	10	7	7	24
6	**Урысей Федерацэ**	**9**	**13**	**16**	**38**
7	Ипщэ Корее	8	10	6	24
8	Япониe	8	6	8	22
9	Италие	6	6	7	19
10	Украинэ	5	4	8	17

Дунейм щыхъыбархэр

Гъэрхэр зэIэпах

Урысеймрэ Куржымрэ дыгъуасэ зэIэпахыжащ гъэру яубыдауэ щыта зауэлIхэр.

Куржыхэм цIыху 15, урысейхэм цIыхуи 5 яIэрыхьэжащ.

Осетие Ипщэм псэукIэр щызэфIоувэж

ЩIыналъэм махуэ къэс Iэрохьэ ерыскъыпхъэу, псом япэу зыхуей хьэпшыпу тонниищэхэр.

ЩIыпIэхэм я нэхъыбэм электрокъару яIэщ.

Къытракъузэми…

Брюссель щызэхуэсащ НАТО-м хыхьэхэм нэгъуэщI къэрал IуэхухэмкIэ я министрхэр.

ЗэIущIэр къызэзыгъэпэщар США-рщ. Америкэм и Штат Зэгуэтхэм, апхуэдэу Инджылызым, Польшэм, Латвием, Литвам, Эстонием я министрхэм къагъэуващ Урысейм къемызэгъ Iуэхухэр. АрщхьэкIэ Атлантикэ Ищхъэрэ блокым хэт къэралхэм я Iуэху еплъыкIэхэр зэщхьэщыкIащ. Уеблэмэ, Инджылызым жиIащ УФ-м зыкъыхуагъэткIиищэ зэрымыхъунур.

Сакъын хуейщ

Урысейм и ФСБ-м и Iэтащхьэ Бортников Александр жиIащ Куржым и тIасхъэщIэх IуэхущIапIэхэм Кавказ Ищхъэрэм террорист щIэпхъаджагъэхэр къыщызэрагъэпэщыну зэрамурадым езыр зи унафэщI IуэхущIапIэр зэрыщыгъуазэр.

Абы къыхэкIыу гъунапкъэхэр ягъэбыдащ, уэгур вертолетхэм яхъумэ.

Дыгъэр къуилъэфа иужь

Киров областым щыпсэухэм щыщ куэд сымаджэщхэм кIуащ.

Ахэр мэтхьэусыхэ Сыбырым дыгъэр щыщIилъэфа иужь я нэм щыщIауэ жаIэу. Псори къызыхэкIар ахэр нэгъуджэншэу а къэхъукъащIэ телъыджэм зэреплъарщ.

(ИТАР-ТАСС).

НОБЭ

◆**Муджахидым** (бэнэныгъэ езыгъэкIуэкIым) **и махуэр** Алжирым щагъэлъапIэ а къэралым щыщхэу Франджым и бжьым къыщIэкIыным теухуа зэщIэхъееныгъэм хэкIуэдахэм я фэеплъу.

◆Илъэс 410-рэ и пэкIэ (1598) дзэзешэ Воейков и зауэлIхэр Кутум хъаным текIуащ икIи Сыбырыр Урысейм щыщ хъуащ.

◆Илъэс 20 и пэкIэ (1988) иухащ Иранымрэ Иракымрэ илъэси 8-кIэ IэщэкIэ яку дэлъа зэпэщIэтыныгъэр. 1990 гъэм жэпуэгъуэм и 11-м къэралитIым зэхуагъэувыжащ дипломат зэхущытыкIэхэр.

◆Илъэс 40 и пэкIэ (1968 гъэм шыщхьэIум и 20 - 21-хэм) Чехословакием ирашащ Варшавэ зэгурыIуэныгъэм хэт къэралхэм я дзэхэр.

◆Илъэс 95-рэ и пэкIэ (1913) пщышхуэ Дмитрий Павел и къуэм и нэIэ тету Киев щекIуэкIащ Япэ Урысей спорт олимпиадэр.

◆**Дыгъэр къыщIэкIащ сыхьэти 6-рэ дакъикъэ 17-м, къухьэжынущ сыхьэт 20-рэ дакъикъи 4-м.**

◆**Махуэм и кIыхьагъщ сыхьэт 13-рэ дакъикъэ 47-рэ**

ПлIанэпэр зыгъэхьэзырар ШАЛ Мухьэмэдщ.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Уи бынрэ уи благъэрэ умыбж.

● Бахъсэн куей

ХэкIыпIэхэр къалъыхъуэ

Бахъсэн куейм щызэхэт «Заря» цIыхубэ предприятэм мы илъэсым хьэцэпэцэ бэв кърихьэлIэжащ.

ГЕКТАР 430-м триса гуэдзым зы гектарым хуэзэу къытрихащ центнер 38 - 40. Хьэ гектар 560-м - центнер 32-м нэс. ДяпэкIэ Iуахыжын хуейуэ къапэщылъщ ерыскъыпхъэу къагъэсэбэпыну нартыхуу гектар 345-рэ, силосыпхъэу - 300, сэхурану гектар 350-рэ. Метрищым нэс зи лъагагъ нартыхум зы хьэкъуей сэмбхэм ярыту урихьэлIэркъым, апхуэдизу гъавэр бэгъуащи. Хозяйствэр мы илъэсым бэлэрыгъакъым Iусыпхъэу къагъэсэбэпыну къэкIыгъэхэмкIи. УнафэщIхэм зэрыжаIэмкIэ, апхуэдэ ехъулIэныгъэр зи фIыщIэр мэкъумэшыщIэхэрщ. Мыбыхэм улахуэр и чэзум ират, махуэм тIэу хуабэу ягъашхэ. Гъавэ бэв къэгъэкIыным хозяйствэм и зэфIэкI псори ирихьэлIащ, ауэ имыгъэпIейтейуэ къанэркъым дагъэгъэсыныпхъэм и уасэм хэхъуэ зэпыту зэрекIуэкIым, гъавэм уасэшхуэ зэримыIэм. Ауэ щыхъукIэ, дагъэгъэсыныпхъэу зы литрым щIатын хуей мэхъу гъавэ хэплъыхьауэ килограмм 5 - 6. Гуэдз килограммыр зэращэфыр соми 5 къудейщ. Апхуэдэ Iуэху щытыкIэм щIыгъущ иджыри зы лъэпощхьэпо - илъэс кIуам зы щIы гектарым налог ахъшэу сом 376-рэ фIэкIа хуэмызамэ, 2008 гъэм ар зэуэ сом 1300-м нэс дэуеящ.

БЕКЪАЛДЫ Илэ.

ИрагъэкIуэкIыну лэжьыгъэхэм топсэлъыхь

АДЫГЕЙ. ***Адыгейм терроризмэм пэщIэтынымкIэ и республикэ комиссэм и зэIущIэ иджыблагъэ екIуэкIащ. Абы щытепсэлъыхьащ Осетие Ипщэм къыщыхъуа насыпыншагъэм, щIыналъэм шынагъуэншагъэр къыщызэгъэпэщыным, нэгъуэщIхэми.***

РЕСПУБЛИКЭМ и президентым и пресс-IуэхущIапIэм къызэритамкIэ, зэIущIэр езыгъэкIуэкIа ТхьэкIушынэ Аслъэнджэрий щIыпIэ министерствэхэм, ведомствэхэм, Урысей Федерацэм и IуэхущIапIэхэм я къудамэу щIыналъэм щыIэхэм я унафэщIхэм Адыгейм шынагъуэншагъэр къыщызэгъэпэщынымкIэ лэжьыгъэ пыухыкIахэр ирагъэкIуэкIыну унафэ яхуищIащ. Псом хуэмыдэу курыт школхэм, еджапIэ нэхъыщхьэхэм, сабий садхэм.

Уэрамым къыданэнукъым

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. ***Осетие Ипщэм и цIыхухэу щтапIэ ихьэжауэ Къэрэшей-Шэрджэсым щыIэхэм я сабийхэр курыт еджапIэхэмрэ сабий садхэмрэ зэрагъэкIуэным хуагъэхьэзыр.***

«РЕСПУБЛИКЭМ и президентым и унафэкIэ щIыпIэ правительствэм и резерв фондым къыхахынущ щтапIэ ихьэжа сабийхэм школ фащэхэр къызэрыхуащэхун ахъшэ», - жиIащ КъШР-м егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министр Шаповаловэ Иринэ.

Насыпыншагъэ къызылъыса сабийхэм папщIэ республикэм и курыт еджапIэхэм тIысыпIэу 460-рэ, сабий садым - 160-рэ щыхухахынущ, тхылъхэмкIэ, зэреджэ IэмэпсымэхэмкIэ къызэрагъэпэщынущ.

Гъавэр кърахьэлIэж

Республикэм мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэм къызэритамкIэ, щIыналъэм хьэцэпэцэу тонн мин 97-рэ къыщрахьэлIэжащ, ику иту зы гектарым центнер 30 хуэзэу.

«ДУНЕЙР уэлбанэрилэу зэрыщытам къыхэкIыу гектар къэс центнеритI-щы тфIэкIуэдащ. Абы щхьэкIэ къэмынэу нэгъабэ елъытауэ тонн мин 15-кIэ нэхъыбэ мы гъэм къытетхащ», - жиIащ министрым и япэ къуэдзэ Хьэжмэстафэ Артур.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

● Май куей

ХуэдитIкIэ ягъэбагъуэ

«Алекс-Итал». Аращ и фIэщыгъэцIэр Италием и «Эмилио де Гранте» фирмэмрэ «Александровскэ» агрофирмэмрэ къызэрагъэпэща IуэхущIапIэм. Абы зэгъусэу щызэфIагъэкIынущ IэщхэкIхэр къэлэжьыным, зыхуей хуэгъэзэным, щэным теухуа лэжьыгъэ псори.

ЗЭГУРЫIУЭНЫГЪЭМ ипкъ иткIэ, жэм лъэпкъыфIу зы мин къащэхунущ икIи илъэсищым къриубыдэу къащIэхъуэхэмкIэ а бжыгъэр хуэди 2-кIэ ягъэбэгъуэнущ.

Iуэхур тэмэму ежьэмэ, ди цIыхухэм гъэшхэкI, лыхэкI къабзэхэр къаIэрыхьэнущ, лэжьапIэншэхэм IэнатIэ ягъуэтынущ.

УЭРЭЗЕЙ Рашид.

● Осетие Ипщэ

Я нэкIэ зрагъэлъагъу

КъулейсызыгъэрI къызылъыса Осетие Ипщэм щыIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщу Афган зауэм хэтахэм я союзым и ветеранхэр.

АХЭР яIущIащ зэхэуэ гуащIэр зи нэгу щIэкIахэм, зауэлIхэм. Осетие Ипщэм щыпсэухэм я мамырыгъэр хъумэным щIэзэуахэм яхэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым икIа зауэлIу 30-м нэс. Абыхэм ящыщщ Сэрмакъ къуажэм къыдэкIа Пыл Азэмэт. Мыр зыхэта 503-нэ Урысей полкыр шыщхьэIум и 11-м Цхинвал яшащ. «А зэманым Куржым и лъэныкъуэмкIэ къиIукIырт Iэщэ уэ макъхэр. Иджыпсту хъуреягъыр мамырщ, ауэ мыбдеж щыплъырыну къалэн зыщащIа ди полкыр бэлэрыгъыркъым», - жеIэ Азэмэт.

Тхьэгъэлэдж Тимур зи пашэ гупым куржы армэм зэхикъута еджапIэхэр, сымаджэщхэр, сабий садхэр, псэупIэ унэхэр зрагъэлъэгъуащ. Афган зауэм хэтахэм илъэс и пэкIэ мы щIыпIэм щрагъэкIуэкIауэ щытат «Зауэм и ветеранхэр зауэ щымыIэным и телъхьэщ» зыфIаща Iуэху. Абы хэтащ Кавказым щыщу Афган зауэм къелахэр. «Мис иджы ноби ди ныбжьэгъухэм даIуощIэ. Ахэр щхьэмыгъазэу пэщIэтащ куржы щIэпхъаджащIэхэм. Иджыпстуи жыджэру хэтщ къэуэну хунэмыса лагъымхэр къыщIэзыххэм, къат куэду зэтет унэ зэтещэхахэм къыщIэна цIыхухэр къэзылъыхъуэхэм.

«Дэ хьэкъыу тпхыкIащ Осетие Ипщэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Афган зауэм хэта я ветеранхэр дызэкъуэтын икIи сыт щыгъуи мамырыгъэм и телъхьэу дыщытын зэрыхуейр», - жеIэ Тхьэгъэлэджым.

Ди республикэм икIа лIыкIуэхэм ягъэбелджылащ Осетие Ипщэм щекIуэкI лэжьыгъэхэм зэрыхэувэфыну щIыкIэр.

ЛЪОСТЭН Музэ.

● ЗэIущIэхэр

Абы щыгъуэщ Iуэхур убзыхуауэ къыщыплъытэфынур

КъБР-м и прокурор Жариков Олег иджыблагъэ журналистхэр зригъэблэгъа зэIущIэм щытепсэлъыхьащ дызэрыт илъэсым и мазихым я лэжьыгъэм кърикIуахэм.

«2007 ГЪЭМ кърикIуахэмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрыр яхэхуауэ щытащ щIэпхъаджагъэм нэхъ зыщиIэта щIыналъэ 11-м. Апхуэдэ щытыкIэм зегъэхъуэжыным теухуа Iуэхугъуэхэр къыхалъхьэн, яубзыхун хуей хъуат. 2008 гъэм и япэ мазихым, иужьрей илъэсхэм елъытауэ, щIэпхъаджагъэу ятхар процент 23,7-кIэ нэхъ мащIэ хъуащ», - жиIащ Жариков Олег. АдэкIэ прокурорым къихьа бжыгъэхэм къызэрагъэлъагъуэмкIэ, цIыху укIыныр проценти 7,7-кIэ, лей ехыныр процент 13-кIэ, хъунщIэныр проценти 8,4-кIэ, наркотикхэм пыщIа щIэпхъаджагъэхэр процент 14,9-кIэ, цIыху зыхэкIуадэ гъуэгу насыпыншагъэхэр процент 53,6-кIэ нэхъ мащIэ хъуащ. Апхуэдэуи хэпщIыкIыу ехуэхащ балигъ мыхъуахэм хабзэр къызэпаудыныр. ЩIэпхъаджагъэхэр ятхыныр нэхъри ягъэткIия пэтми, ар къыщызэпауд къохъу. Псалъэм папщIэ, илъэс ныкъуэм кърихубыдэу щIэрыщIэу учетым ягъэувыжащ Iуэху 231-рэ.

УзыгъэпIейтейхэм я гугъу щищIым, Жариков Олег къытеувыIащ терроризмэмрэ экстремизмэмрэ я щхьэр къаIэтыным-кIэ шынагъуэр иджыри зэрыщыIэм, милицэм и лэжьакIуэхэм «къещакIуэхэр» нэхъыбэ зэрыхъум. Къапщтэмэ, бадзэуэгъуэм и зы тхьэмахуэ зэхуакум хабзэхъумэу 5 яукIауэ щытащ. Прокуратурэм къызэрилъытэмкIэ, а хьэкIэкхъуэкIагъэр зылэжьахэм яхэтщ дин экстремистхэр икIи апхуэдэ щIэпхъаджагъэм ебэныныр къалэн пэрытхэм ящыщу къонэж.

Судым и пэ къихуэу уголовнэ Iуэхухэм щыхэплъэм хабзэр 5491-рэ къызэпаудауэ прокурорхэм къыщIагъэщащ. Уголовнэ Iуэху къаIэтын ямыдэу къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ органхэм я лэжьакIуэхэм къащта унафэ 4430-м щыщу 3593-р къемызэгъыу къалъытащ.

ЦIыхухэм я конституцэ хуитыныгъэхэр хъумэн и лъэныкъуэкIэ я лэжьыгъэр хэпщIыкIыу зэрефIэкIуам и щыхьэту прокурорым къигъэлъэгъуащ апхуэдэ ныкъусаныгъэу 1200-рэ къызэрыщIагъэщар. Ахэр гъэзэкIуэжыным теухуауэ прокуратурэм иригъэкIуэкIа Iуэхухэм япкъ иткIэ Iэдэбагъым епха жэуапым ирашэлIащ цIыху 546-рэ, административнэм - 422-рэ, судхэм ягъэхьащ иск 1800-м щIигъу, уголовнэ Iуэхуу 38-рэ къаIэтащ.

ЛэжьапщIэр и чэзум икIи ирикъуу цIыхухэм иратыныр къыщапщытэм, щыIэ хабзэр 800-рэ къызэпаудауэ къыщIагъэщати, цIыхухэм я сэбэп хэлъу судхэм ягъэхьащ заявленэ 453-рэ.

«МафIэс шынагъуэншагъэм и IуэхукIэ» законыр социальнэ, еджапIэ IуэхущIапIэхэм зэрыщагъэзащIэм ехьэлIауэ ирагъэкIуэкIа къэпщытэныгъэхэм япкъ иткIэ гу зэрылърагъатэ тхыгъэу 134-рэ ягъэхьэзыращ, унафэщIхэм ящыщу 20-м гурагъэIуащ хабзэм ебакъуэ зэрымыхъунур, 28-р административнэ жэуапым ирашэлIащ, хабзэр уэим зэращIым, я къалэнхэр зэрамыгъэзащIэм къыхэкIыу икIи а ныкъусаныгъэхэр ягъэзэкIуэжыным теухуауэ судхэм тхылъ 48-рэ ягъэхьащ. Прокурорым и жэрдэмкIэ а Iуэхугъуэм щыхэплъауэ щытащ КъБР-м и Правительствэм и зэIущIэм, КъБР-м и социальнэ IэнатIэм и ухуэныгъэхэм мафIэс шынагъуэншагъэр къыщызэгъэпэщынымкIэ 2007 - 2009 гъэхэм тещIыхьа республикэ программэр къыщащтам.

Мазаем республикэ прокуратурэм и коллегием къыщыщыпсалъэм, КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен гулъытэ зыхуэщIыпхъэу къигъэлъэгъуахэм ящыщщ щIыуэпсыр, дыкъэзыухъуреихь дунейр зыуцIэпIхэм япэщIэтыныр. Экологиемрэ щIыуэпсыр хъумэнымкIэ законодательствэр зэрагъэзащIэр къыщапщытэм жэуапым ирашэлIащ къулыкъущIэ 38-рэ, нэгъабэ и апхуэдэ лъэхъэнэм еплъытмэ, ар хуэди 6-кIэ нэхъыбэщ. Административнэ Iуэхуи 100 къаIэтащ, ежьужьхэмрэ пыдзахуэхэмрэ гъэкъэбзэным ехьэлIа хабзэр къызэрызэпаудам къыхэкIыу я лэжьыгъэр къызэтрагъэувыIэн щхьэкIэ тхылъ 49-рэ судым ягъэхьащ.

Прокурорхэм ирагъэкIуэкIа кIэлъыплъыныгъэхэмрэ къэпщытэныгъэхэмрэ япкъ иткIэ, зриплъэж мазихым кърнубыдэу къэрал, муниципальнэ къулыкъум теухуа законодательствэр 101-рэ къызэпаудауэ къыщIагъэщащ, ар 2007 гъэм елъытауэ хуэди 2,5-кIэ нэхъыбэщ. Жэуапым ирашэлIащ къулыкъущIэ 94-рэ, судхэм искыу 6 ягъэхьащ, административнэ жэуапым ирашэлIащ цIыху 18, Iуэхухэр зэхэзыгъэкI органхэм тхылъи 6 ягъэхьати, абыхэм щыщу 4-мкIэ уголовнэ Iуэхухэр къаIэтащ.

Апхуэдэу республикэ прокурорыр къытеувыIащ мы зэманым гулъытэ нэхъ зыхуэщIыпхъэхэм. Журналистхэм я упщIэхэм жэуап щаритым къигъэлъэгъуащ коррупцэм ебэнынымкIэ «линэ пщтырым» кърикIуэм арэзы зэрытемыхъуэр. Абы къызэрыхигъэщамкIэ, телефоным къэпсалъэр мащIэщ, абыхэми Iуэхум зэпкърыхауэ къытеувыIэну къахэкIыр зырызщ. «Коррупцэм уебэнын папщIэ цIэ пыухыкIа, ипэжыпIэкIэ къэхъуа Iуэху щыIэн, абы и кIэм нэс урикIуэну ухуэхьэзырын хуейщ. Мис абы щыгъуэщ Iуэхур убзыхуауэ къыщыплъытэфынур», - жиIащ Жариков Олег.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

● КъБР-м и Къэралыгъуэм и махуэм ирихьэлIэу

Пастухов А.В. и фэеплъ сын Iуащхьэмахуэ лъапэ деж щытщ. ЩIэныгъэ Iуэху иIэу Европэм и щыгуитIым (1896 - 1897 гъгъ.) дэкIар мы урыс географыр аращ. Пастухов япэ дыдэу Iуащхьэмахуэ и физическэ картэ зэхилъхьащ икIи абы и джабэхэм дунейм и щытыкIэм щыкIэлъыплъащ.

● Къэнжал зауэ

Илъэс щищ хъуауэ

1708

2008

Сэ зи гугъу фхуэсщIынур илъэс 300 хъуауэ зи хъыбар адыгэхэм яIуатэ ХьэтIохъущокъуэ Кургъуокъуэщ. Сэ сызыщалъхуа ХьэтIохъущыкъуей жылэжьым и гупэм къитщ Кургъуокъуэ и Iуащхьэр. Кургъуокъуэ и къуэрылъху Темрыкъуэ хьэжым и сынышхуэри абы пэмыжыжьэ дыдэу нэгъуэщI зы Iуащхьэ тетщ, нобэ ягъэува фIэкI умыщIэну.

Урысей Федерацэм ХудожествэхэмкIэ и Академием и член-корреспондент, профессор СэвкIуий Хьэмид домбеякъым къыхищIыкIыну ХьэтIохъущокъуэ Кургъуокъуэ и фэеплъым и сурэтыр щыслъагъум сыщыгуфIыкIащ, ар езыр и Iуащхьэ дахэшхуэ ди къуажэ гупэм пэмыжыжьэу къыщытым къытеувэжауэ къысщыхъури. Зи гугъу сщIы Iуащхьэм пэгъунэгъуу нэгъуэщI зы Iуащхьэ цIыкIум тетщ Кургъуокъуэ и къуэ Мыхьэмэт и сыныр.

ТЕМРЫКЪУЭ хьэжыр Псыжь (Кубань) адрыщI «Хьэжы къалэкIэ» зэджэр щызыухуарщ. Аращ муслъымэныгъэр адыгэхэм къыщрагъэщтагъащIэм молэхэр щрагъаджэ мыдрисэр зыдэтар - Темрыкъуэ хьэжым иригъэщIауэ.

1780 гъэм щылIэм, абы и хьэдэр къахьыжри ХьэтIохъущыкъуейм щыщIалъхьэжащ. Темрыкъуэ и сын пащхьэм Iэджэрэ тхьэлъэIу щащIащ хьэтIохъущыкъуейдэсхэм, уэшх къемышхыу уэгъу щыхъуам деж абы бгъэдэт сын цIыкIур Къардэнтхьэлэ псым халъхьэрти, тхьэлъэIу ящIырт, дэри дыцIыкIуу абы Iэджэрэ дыщыIащ. Уэшх къешха нэужь, «ди тхьэлъэIур Тхьэм къытхуищIащ» жаIэрти, сын цIыкIур сынышхуэм бгъэдагъэувэжырт - ар си ныбжьу къуажэм дэс псоми ящIэж. Бахъсэн псыхъуэм и тхыдэр нэхъ кууэ стхыжын хуей щыхъум, сэ а псыхъуэм сын къыдэзнакъым я хъыбарыр сымыджауэ. Зи гугъу сщIы сыным сурэт тесхри, Налшык къалэ дэт гуманитар институтым и лэжьакIуэхэм я деж схьащ, хьэрыпыбзэ зыщIэхэр къезгъэджащ. Тхыдэтххэм фIыуэ ящIэ «Исмел псыгъуэ» жыхуэтIэмрэ абы и къуэш нэхъыщIэ Адэлджэрийрэ я адэр Хьэжыкъалэр зыухуар ару зэрыщытыр. Ауэ ямыщIэу щытар и сыныр здэщытыр т. Адэлджэрийм и Iуащхьэри ДыщэкI хьэблэжьым хуэзанщIэу бгыпэм тетщ. Совет властым и зэманым Адэлджэрий и сын цIыкIур къагъанэу и сынышхуэр Бытырбыху яшауэ зэрыщытар ХьэтIохъущыкъуейм дэса Молэ ХьэтIру дадэм деж щыстхыжауэ щытащ. Исмел псыгъуэкIэ дызэджэр, Лермонтов Михаил «Измаил-бей» зыфIищар, щыпсэуари (1750 - 1812 гъгъ.) Бахъсэн псыхъуэ бжьэпэрщ, иджыпсту Шыбзыхъуэ Есэнхэ я щIапIэжьым дежщ.

Исмел хъужыр Измаил быдапIэр урысейхэм къыщащтэм яхэтарщ. Исмелыр я къуажэ къэкIуэжауэ, я щхьэлыпсым зыщагъэпскIрэ пэт и къуэшхэм къалъэгъуащ жор дамыгъэ пщIэх эль у. Ар щалъагъум: «Уджаурщ, жор зыбохьэ», - жиIэри, жорыр Адэлджэрийм къыпщIыхичри, щхьэлыпсым хидзащ. ИужькIэ щхьэлыпсыр ягъэувыIэри лъыхъуауэ жаIэ, ауэ пшахъуэм щIива жорыр ягъуэтыжакъым. Абы щхьэкIэ ахэр зэщыхьащ, мылъку гуэрхэри зэпаубыдри зэщыIеящ. Ар къызжезыIэжар а жылэм дэса Молэ ХьэтIрущ. Абы щыгъуэ, къызжиIащ ХьэтIру, Псыхуабэ хущхъуэхэри япэу къэзыхутэу Iуэху езыгъэщIари аращ. Исмелым и Iуащхьи и сыни къытхуэгъуэтакъым. Ар дымыгъуэтами, ХьэтIохъущокъуейм дэс Молэ Хьэмид и бынхэм я хадэм итщ Исмелым и адэшхуэ Мыхьэмэт (Бэмэт) и Iуащхьэр.

Мыхьэмэт Кургъуокъуэ и къуэш Бэчмырзэ и ужькIэ жылэр япэу зыгъэтIысар аращ. Мыхьэмэт и Iуащхьэм тета сынышхуэм и щхьэри щхьэщахри, ари, Молэ ХьэтIру дадэм зэрыжиIэжамкIэ, нэгъуэщI сын гуэрхэми ядэщIыгъуу Бытырбыху яшащ. Сын лъабжьэр ноби а Iуащхьэм тетщ. А сынхэм я гъусэу Бытырбыху яшауэ жаIэ Молэ лъэпкъым я нэхъыжь дыдэ Сэбан и мывэ пIащэшхуэри. Ар здэщытауэ жыхуаIэм ар къызжезыIэжа Молэ Башир си гъусэу дыкIуэри сынышхуэр къытхуэгъуэтакъым, къэдгъуэтар Iуащхьэ папщIэу зэхуадзыса мывэ гулъэхэрщ. Ари бульдозеркIэ иратхъужьэри, нэхъ жыжьэ ящIауэ арат абдеж щIапIэу зыубыдахэм. Молэ Башир иужькIэ зэрыжиIамкIэ, ар здашауэ щытар Налшык музейр т. А музейми сыкIуэри, абы и лъэужь гуэри къысхуэгъуэтакъым. Ауэ сын псори здашар Бытырбыхуу хъыбарыр къэзыIуатэхэм къыщIрагъэдзыжащ.

КЪЭЗАНОКЪУЭ Жэбагъы, «КъэзанокъуейкIэ» зэджэ бгым исар, фIыуэ нэхъыщIэми, къыкIэлъыкIуэрт а зэманым пщы уэлийуэ щыта Кургъуокъуэм. Ахэр нэхъ щызэкIэлъыкIуэр бийр къатеуэну шэч щащIам дежти, зэчэнджэщхэрт, быдапIэхэр ягъэ хьэзырырт. Нэхъ лъагапIэ Iуащхьэхэм аргуажьэ нып иныр зыIыгъхэр плъакIуэу трагъэтIысхьэрт, бийр къакIу эу щалъэгъуам деж аргуажьэ нып иным мафIэ щIадзэрти, бгитIым я зэхуакум дэс жылэ цIыкIухэр абыкIэ зэрыщIэрт. Апхуэдэ Iу ащхьэхэм зэреджэр «Зэпэдзыж Iуащхьэт». Апхуэдэ Iуащхьэхэр Зеикъуэ къуажэкум, мывэ гъуэгум укъытету, зэм къаблэмкIэ, зэми бещтомкIэ уакъеплъмэ, уолъагъу: папцIэ лъагэшхуэхэу бгыщхьэм къытетхэщ. Абы нэмыщIкIи зауэр а жылэхэм пIащIэгъуэкIэ къащыкIэщIэзэрыхьам деж «губру»-кIэ зэджэри къагъэсэбэпырт - нэхъ хьэзыру щыт выгухэр къырагъэувэкIырти, абы къиту къэзауэрт. Ауэ нэхъ зэман яIэмэ, «щIыбру»-кIэ зэджэр ятIырт. Апхуэдэу ягъэхьэзырауэ щыта быдапIэ «БуукъуэкIэ» зэджэм и нагъыщэ къытенауэ иджыри Зеикъуэ жылэм щыболъагъу.

Апхуэдэ хъыбар хьэлэмэтхэр къысхуэзыIуэтэжар Зеикъуэ жылэм дэс нэхъыжьыфI ХьэфIыцIэ Дэвей и къуэ Мусэбийщ. Абы Бахъсэн псыхъуэм теухуа хъыбару зыхимыщIыкIрэ губзыгъагъэу узыхуимыущийрэ щыIэу къыщIэкIынкъым, ар зеикъуэдэсхэм я нэхъыжь дыдэхэм хиубыдэми, псори жьакIуэу къэзыIуэтэжыф дадэ угъурлыщ. Абы «БрукъуэкIэ» зэджэр щащIауэ жыхуиIэр Бахъсэныпсымрэ Хьэрэкхъуэрэбгымрэ нэхъ зэпэгъунэгъу дыдэ щыхъум дежщ. Езы ХьэфIыцIэ Мусэбий и унэр а щIыпIэм пэжыжьащэкъым. ДэтIыкIыпIэжыр Iупщ Iу плъагъуну ухуеймэ, Хьэрэкхъуэрэбгым тIэкIу удэкIуэту укъеплъыхынущ. Арыншэмэ, а щIыпIэхэр щIапIэу яубыдри унэхэр иращIыхьыжащи, жылэм удэту къэплъагъуну гугъущ. Иджыри а щIыпIэм зеикъуэдэс нэхъыжьхэр «БруукъуэкIэ» йоджэ.

Темрыкъуэ Хьэжы и сын.

АдэкIэ мыхэри къыжыIапхъэщ: кърымыдзэр Зеикъуэ щIыналъэм щыщыIам щыгъуэ, кърымхэм къыщIагъэжауэ щыта «Кърым псынэкIэ» зэджэри Зеикъуэ къуажэкум ит школым деж щыIэщ, ар школымрэ къуажэ Советымрэ я зэхуакумкIэ узыдэплъэ, мывэшхуэхэри зыщыплъагъу къуэм хуозэ. «Тырку тIысыпIэ» жыхуаIэри къуажэкIэ школым и лъэгукIэ щыIэщ. Абы деж кърымыдзэм щагъэсауэ щыта «КъэзмакъейкIэ» зэджэ хьэблэ цIыкIум и дамыгъэу сыныжь зыщыплI зэхагъэувэжауэ зэхэтщ. А сынхэми сурэт ятесхащ.

Апхуэдэ лъэужьхэм сытезыгъэхьар ХьэфIыцIэ Мусэбийщи, фIыщIэр абы нэхъ бгъэдэлъыпхъэщ. Ауэ шынагъуэр абдеж дыдэм унэ щащIыну туфхэр куэду къыщракIутащи, абы и тхыдэри щыхупIэм щхьэщытщ. Абыхэм яхэтщ Ислъэмей жылэм Iэпхъуэжа Уэр докъуэхэ, ЛампIэжь хэ, ХьэтIохъущыкъуей жылэжьым щыщ Гъуэр дэгъуэжьхэ я сынхэр.

Зеикъуэ къуажапщэм адэкIэ, Урды къуэ кIуэцI быдапIэм и дыхьэпIэм пэгъ унэгъуу, Гундэлэныпсымрэ Бахъсэныпсымрэ я зэхуакум деж хуэзэу, къыщысащ Къэзанокъуей, Думэныкъуей, ПщыцIыкIуей, Хьэмгъурокъуей къуажэ цIыкIухэр. А жылэхэр зэуапIэ хъууэрэ бийхэм куэдрэ ягъэсащ. Жылэхэр щагъэсам мафIэм къела сын зыбжанэм сурэт тесхауэ щытащ, ауэ иужькIэ сыщыкIуам абыхэм ящыщ гуэри згъуэтыжакъым - абдеж цIыху итIысхьэри унэ щащIащ, нэхъ ищхьэкIи къэралым подстанц щигъэуващ. Зеикъуэ къуажэкум деж Бахъсэныпсым и къаблэ лъэныкъуэмкIэ псым узэпрыкIрэ бгым и щыгум уихьэмэ, «Шыд уанэкIэ» зэджэ бгы дыкъ уакъуэ лъагэр уолъагъу. А бгым и лъапэм тесащ Куардэпщымрэ Борэпщымрэ я къуажэхэр.

Къеуэсауэ куэдрэ къатеуащ кърым хъанхэм я дзэр а жылэхэм, ар зэманкIэ нэхъ зыхуэзэр 1553 - 1554 гъэхэрщ. 1567 гъэм кърым дзэзешэхэу Мухьэмэд-Джэрий, Адыл-Джэрий, Алджэрий сымэ зэгъусэу а зи гугъу тщIы щIыпIэхэр зэщIагъэхьащ. А зэманым а жылэхэр щтапIэ «Афэбг» жыхуаIэм ихьэжырти, аргуэру лъапэм къетIысэхыжыр т. Афэбг щIыфIащари а бгым афэм хуэдэу щтапIэ ихьэжахэр къихъумэрти арагщ.

Ахэр къыщыхъуар Кургъуокъуи Жэбагъыи къамылъху щIыкIэщ, «ПщыIэпщокъуэ Къазий и Къэбэрдей» щыжаIагъащIэм ирохьэлIэ. «Борэ и Iуащхьэ», «Куардэ и къуажэ» жылэхэм я хъыбархэр къыщежьар а зэманхэр ару къыщIэкIынщ. КъардэнгъущI Зырамыку куэдрэ щыIащ а щIыпIэхэм, абыхэм я хъыбарыр итхыжу. Зырамык у, нэгъуэщIхэри и гъусэу, ди уни неблагъэри, хъыбар нэхъ зыщIэхэр къыхуезджауэ щытащ.

АДЭКIЭ зи гугъу фхуэсщIынур Къэнжал бгыщхьэкIэ зэджэмрэ абы зауэр зэрыщекIуэкIауэ зэхэсхамрэщ. «Къэнжал» псалъэр «Къанжол» жаIэуи зэхыдох. Ауэ абдеж бийм щезэуар щыадыгэкIэ япэу а псалъэр къызэрежьэнкIэ хъунури адыгэбзэкIэщ-«Хъанажал!» жиIэущ.

Шыд 300 къуажэхэм къыхахуу а шыдхэмкIэ бийм узыр иратауэ икIи а шыдхэр къэзыхуар балъкъэрхэр ара хуэдэу къыхагъэщ языныкъуэхэм. Шыд хъыбарыр пцIы дыдэу сэ си щхьэкIэ солъытэ. Сыту жыпIэмэ, адыгэм а зэманым шыдкъым яIар - шыфI зимыIэр адыгэлIу ябжу щытакъым. Кургъуокъуэ и закъуэ шу мини 5 игъэшэсыфу щытауэ тхыдэм къыхощ. Шыдхэм трапха пхырхэр хьэуазэт жаIэ, Нэгумэ Шорэ щыхьэ т къащIу. Пэжщ, хъыбарыр нэхъыбэм деж ягъэщIэрэщIэIуэри ар шыпсэ щытыкIэм йохьэж. Псалъэм папщIэ, ХьэтIохъ ущыкъуэ цIыкIум Шужьейр щиукIам, «Щхьэ угъурэ, хуэмыху» жиIэри еупщIати, Шужьейм: «Сэ сыщIэгъыр сызэрылIэр аркъым, ХьэтIохъущыкъуэжь цIыкIум къыуикIащ зэрыжаIэнур арщ», - жиIауэ ягъэхъыбар. Ар шыпсэщ. ХамэщI къикIа тхыдэтххэм я тхыгъэхэм къызэрыхэщымкIи адыгэ лIыжь куэдым зэрыжаIэжымкIи, шыщ мафIэ зрадзар. ЗэрекIуэкIауэ нэхъ зытрагъэчыныхьри мыращ: зи текIуэныгъэм шэч къытезымыхьэж бийхэр хэти зэрегъафэщ, хэти ешаелIати, ар адыгэхэм къагъэсэбэпри, я шы лъэхъахэр къадыгъуащ, шыхэр зыхъумэхэри гъэр къащIащ. Шы къадыгъуахэм я кIэпкъым пхъэхуей пхъафэ дагъэ егъэфауэ кIэщIадзурэ мафIэ щIадзэрти бийм хаутIыпщхьэрт. МафIэ нэхур зищIысыр бий жейбащхъуэхэм къахуэщIакъым. Зи сэшхуэхэр къихауэ яхэлъэда шуудзэм бийр зэтраупщIэтэныр къехъулIащ. Къэнжал зауэр щекIуэкIа бгыщхьэр «Къазий и псынэ» жыхуаIэм дежщ. А псынэр ТызылыпсымрэIжырабгъумкIэ БалъкъыпсымрэIунэмысущ - Наужьыдзэ Iуащхьэ лъагэм и ипщэрабгъукIэ къыхуэзэу. Къазий хъужыр Кургъуокъуэ и адэшхуэрщ. Кургъуокъуэ фIыуэ ицIыхуу къыщIэкIынт а щIыпIэхэр, и шыбз гуартэхэри щагъэхъуагъэнт. Къазий и псынэ жыхуэтIэм деж ущежьэмэ, лъэсу зы сыхьэт гъуэгу хуэдэ къэнэжу аращ Къэнжал щыгу уихьэным. Абдеж а лъагапIэм уеплъыхмэ, плъагъу Iуащхьэшхуэм зэреджэу щытар «Сосрыкъуэ и Iуащхьэщ». А щIыпIэхэр хьэтIохъущыкъуей Iэщыхъуэхэм фIы дыдэу яцIыху. Сыту жыпIэмэ совет властым и зэманми а щIыпIэхэр зи хъупIэу щытар ди жылэрщ. Сэри сыщIалэ цIыкIуу си адэ лэгъупэжьу зи гъащIэр езыхьэкIам Iэджэрэ сишащ а щIыпIэм. Ди къуажэхэм «Къазий и псынэ» жыхуаIэм дежт я мэлыхъуэ пщыIэр здагъэувыр. А псынэр къандзэгу псынэ жыхуаIэм хуэдэщ. Iэщым ямыутэну шхалъэ хуэдэу къэтхухьати, абы уихьэмэ, пэгуным псы щIыIэ къабзэр къипкIэу апхуэдэт, бгыщхьэм мы псынэр дауэ къыщыщIэжу пIэрэ жыпIэу уегупсысу. Сэ а псынэпсымкIэ мырамыси чыржыни Iэджэрэ сщIащ.

АбыкIэ жысIэну сызыхуейращи, Сосрыкъуэ и Iуащхьэм «Йолджэ IуащхьэкIэ» еджэ щыхъуар Къэнжал зауэм и ужькIэщ.

Кургъуокъуэ и дзэр Урды къуэ кIуэцIкIэ дишауэ жызыIэ щыIэщ. Ари сфIэтэмэмкъым. Урды къуэ кIуэцIыр а зэманым мывалъэ дыдэу, упхымыкIыфуи мэз зэщIэкIат. АбыкIэ бийр къыщытпэплъэнущ жыхуаIэу Хеймащэ губгъуэмкIи ди зауэлIхэр ирикIуакъым. АтIэ Инал, Джэдмыщх, Аурсэнтх тхыцIэ нэхъ шэч здамыщIынумкIэ мэзхэм къыпхылъэтахэщ, Тырныауз щIыпIэмкIи щхьэдэхахэри къахыхьэжу. Абы нэмыщIкIи, Урдыщхьэ «Бгы щыдзыпIэ» жыхуаIэм дежи ди дзэм щыщхэр бийм щапэтIысащ. Абы и ужькIэщ Къазий и псынэм къыщыщIэдзауэ, Къэнжалыщхьэ нэсу зауэшхуэ гуащIэр щызэхаублар. ЛIыжьхэм жаIэж а жэщым уэшхыр пэгункIэ къракIыхым хуэдэти, Тхьэри абыкIэ къыддэIэпыкъуат, жари. Шы «уэздыгъэ хэр» япэ иту, бийм адыгэ шухэр лъэныкъуэ псомкIи щахэлъэдащ, шэтырхэм IэпцIэлъапцIэу къыщIэжа бийхэр зэхаупщIатэу. МафIэр къызыпылъэлъу къэзыжыхь шыхэри къагурымыIу эу, езыхэм яшхэри къахуэмыубыдыжу - апхуэдэ къэхъуар уи фIэщ мэхъ у. АдэкIэ зэрыжаIэжымкIэ, кърым благъэ зиIэ ди епцIыжакIуэхэм ящыщхэм кърым хъаным и гуимэр псынщIэу къагъуэтри «Къазий и псынэкIэ кърагъэзыхащ, Урды тхыцIэ защIэкIэрэ къакIуэу Бахъсэн псыхъуэкIэ яутIыпщыжын мурадыр яIэу. Ар апхуэдэу зыщIар хэти Алыджыкъуэ щхьэцIакIэу, хэти Бэчмырзэу, хэти Ислъаму е Адэлджэрийуэ яIуатэ. Сэ зэрысщIэмкIэ, Алыджыкъуэ щхьэцIакIэр а зэманым псэужакъым. АдэкIи жызыIи щыIэщ Алэгъ уэт Гъумыр бгым кърадзыхауэ, хэти ар бгым емыхуэхыпэу жыгым фIэнэри къуаргъхэм фIашхыхьыжауэ. Иныкъуэхэми жаIэ Къаплъэн-Дж эрийр «Урды бгы щыдзыпIэ» жыхуаIэм къыщхьэщашэри, «тщIэфынур къыбгурыIуа? ДяпэкIэ зэуакIуэ укъытхуэмыкIуэ» жыхуаIэу яутIыпщыжауэ. А псори апхуэдиз зэман екIуэкIам зэхэгъэкIыгъуейщ, ауэ а зэманым ятхауэ щыта тхыгъэ къыкъуэкIыжхэмкIэ зыкъомри пхуэгъэтэмэмыжынущ. Псалъэм папщIэ, Тыркум я дзэу къэкIуа минитхум щыщу Керчь дэсыжыр 30 къудейщ жаIэу ятхыжащ. Ар пэжу плъытэ хъунущ.

ЗэратхымкIэ, кърымыдзэ-тыркудзэу къэкIуар мин 80 - 100 хъууэ щытащ. Абыхэм щыщу мин 40-60 нэхърэ мынэхъ мащIэ хэкIуэдауэ ятх. Езы кърым хъан Къаплъэн-Джэрийм дзэ мащIэ дыдэ фIэкIа имыIэжу, и псэр ерагъкIэ ихьыжауэ жаIэ. Апхуэдэурэ ятхахэмрэ жаIахэмрэ куэд зэтохуэ.

Дэнэ деж щIыпIэу пIэрэ Кургъуокъуэ и щхьэ упсам тутын сахуэр кърым хъаным къыщытригъэщэщар икIи ар пэжу пIэрэ? Кургъуокъуэ хуэдэ адыгэлIым и щхьэр игъэщхъыну пIэрэ? Пэжщ, адыгэхэр кърилъэлын щхьэкIэ, и щхьэр игъэщхъауи жыпIэ хъунущ, ауэ апхуэдэ Iуэхур фIэщ хъугъуейщ. Сэ си щхьэкIэ си фIэщ хъуркъым Кургъуокъуэ хуэдэлIым и щхьэр тутын сахуэм кIэщIидзыну. Ауэ адыгэхэм я хьэщIэхэр яукIыжари уи фIэщ мэхъ у. Шынэу зи хьэщIэ зыIэщIэзыгъэкIыжахэм фIащауэ щыт а «ТэтэршынЭ» унэцIэр иджыри щыIэщ. АдэкIэ жыIэпхъэщ 1703 гъэм мин 60 хъу дзэр, Къаз-Джэрий я пашэ у, Къэбэрдейм къыт еуэу Зеикъуэ деж щащIа «БрукъуэкIэ» зэджэ быдапIэри зэпатхъыу Бахъсэныпсрэ Гундэлэнрэ я зэхуаку дэса жылэхэр зэрагъэсар, а жылэхэми абдеж къыщына сыныжьхэми я гугъу ищхьэкIэ щытщIащ. Абы нэмыщIкIэ, «Ем деж бжьэдыгъур зэшщ» псалъэжьым ещхьу, иныкъуэхэм адыгэхэр зэкъуэмытауэ яIуатэми, къалъыс лейр зэрыинар къалъытэжри, зэщIыгъуу я лIыгъэри къагъэлъэгъуащ. 1703 гъэм бийм кърашIам къигъэгубжьу адыгэхэм Хасэшхуэ зэращIар, псалъэ быдэ а Хасэм зэрыщатар тхыдэм къыхощ. Мыпхуэдэ гупсысэри адыгэхэм теухуауэ жысIэну сыхуейт. Дэ ди пщIэр нэхъ жыжьэу къаплъэ лIы губзыгъэхэм къызэралъытэм хуэдэу дэ зыкъэдмылъытэжыныр сфIэтэмэмкъым. Псалъэм папщIэ, тхыдэтххэм къахокI Кавказ зауэм щыгъуэ адыгэхэр езыхэм яфIэфIу Тыркум Iэпхъуауэ зытх. Нэхъыбэм гушыIэ хуэдэурэ заубыж. Ди бзэри мэкIуэдыж, дэри дыщIагъ уэкъым жыпIэу, ди щIэблэм апхуэдэхэр захегъэхын хуейкъым. Ар пэжмэ, илъэсищэкIэ «Е дылIэнщ е дылIынщ, дыIуохьэри даукI, дыIуокIри ди напэр токI» щхьэ жаIауэ пIэрэ? 1553 гъэм щыщIэдзауэ, «ПщыIэпщокъуэ Къазий и Къэбэрдей» щыжаIам ипэжкIи Къазий и адэшхуэ Къетыкъуэ и пщыгъуэм къыщыщIэдзауэ, Тыркумрэ Кърымымрэ щынэмыщIакIи, лъэпкъ Iэджэ зэми я закъ уэу, зэми зэгъусэ защIурэ къыт теуащ, а псоми къелащ Къэбэрдейр.

Дэ иджыпсту догуфIэ ди хабзэри, ди нэмысри ди ПрезидентыщIэм къеIэтыж жыдоIэри. ЕхъулIэныгъэфIи долъагъу. Апхуэдэурэ зыдужьыжынри ди фIэщ хъуащ мы иужьрей зэманхэм. Ауэ, ди жагъуэ зэрыхъущи, къытхэтщ, езыхэр нэхъ жыжьэ плъэ хуэдэурэ зэныбжьэгъугъэлъыхъуэ хуэдэурэ, къаугъэ дыхуейкъым жаIэ хуэдэурэ нэгъуэщI лъэпкъхэм я IупэфIэгъу гуэрхэри. Сыту фIыт апхуэдэхэм гу лъытэгъуейуэ зэрыщымытыр езыхэм ящIэжамэ!

ФIыщIэ ин яхуэщIыпхъэу къызолъытэ ХьэтIохъущокъуэ Кургъуокъуэ и фэеплъ сыныр зыщI СэвкIуий Хьэмид, Кургъуокъуэ и лIыгъэм щIэблэр щыгъуазэ ищIу ахэр «Адыгэ псалъэ» газетым куэдрэ къытезыдзэ, а газетым и редактор нэхъыщхьэ ХьэфIыцIэ Мухьэмэд сымэ.

ДЖЭДГЪЭФ Хъусен,
тхакIуэ.
Бахъсэн куей,
ХьэтIохъущыкъуей къуажэ.

Щикъухьащ адыгэр дунеижьым

Тэгъулан Екъуб Къайсэр (Тырку) къретхыкI:

ЖьантIэр зылъысыпхъэр

Нысэр унэ ирашэ, макъ дахэ зиIэ лIыку зыбжанэм я блыпкъхэр зэкъуэзылIауэ, я щхьэхэр зэпэщыту хъурейуэ еувэкIауэ уэридадэ къраш. Адыгэм, Iуэху гуфIэгъуэ къыщехъулIэкIэ, и уэридадэщ жаIэ. Уэридадэ псалъэм къигъэлъагъуэр гуфIэгъуэщ, дэрэжэгъуэщ. СыттIэ къежьапIэ хуэхъуар уэридадэм? Абы и хъыбарыр куэдым зэмыщхьу жаIэ. Дэ зэрызэхэтхамкIэ, адыгэхэм УэридкIэ еджэу (абы и цIэр Ридадэу жызыIи щыIэщ) зы пщышхуэ яIэт. Абы и цIэр ягъэлъэпIэну, зэман кIыхькIэ цIыхухэм ящымыгъупщэжын папщIэ, нысашэм деж абы и цIэр жаIэу къаублащ. «Уэридадэ-уэридадэ махуэ» жыхуаIэм аращ къежьапIэ хуэхъуар.

КЪЭБЭРДЕЙМ щыщ Уэрид пщышхуэм бжьэматэ куэд иIэу, бжьэ игъэхъуу апхуэдэт. Абы цIыхуиплI къищтауэ и бжьэхэм кIэлъигъэплъырт.

Махуэ гуэрым лIыщIэхэм щынэ цIыкIу къагъуэташ. ЗэгурыIуэри, щынэм и лъакъуиплIыр я зырызу ягуэшащ. Щынэ цIыкIум и зы лъакъуэр зэпыщIыкIащ. Лъакъуэ къутам пхъэщIэпхэ хуащIри, хъыданкIэ быдэу кърапхэкIыжащ. Щынэр пщэфIапIэ жьэгупIэм деж щысурэ, и лъакъуэ пхам мафIэ къыщIэнащ. Ар гужьеяуэ щIэпхъуэри, бжьэматэхэм яхэлъэдащ. Матэхэм я щхьэм телъ мэкъу гъурыр псынщIэу къызэщIэнэри, мафIэсым бжьэхэр хисхьащ. «Уэрат, сэрат», - жаIэри, лIиплIыр зэщыхьэри, а лъэхъэнэм хэящIэу щыта Уэрид я щхьэр ирахьэлIащ. Пщышхуэр Iуэхум хэплъэри, лъакъуэ къутар зей лIыр пшынакIуэ ищIащ.

А зэманым Жэбагъы щIалэжь цIыкIуу кIэнджэгум хэтт. Езым хуэдэ сабий гуэрымрэ Къэзанокъуэмрэ зэщыхьащ. «Уи кIэн джэгукIэр Уэрид и хэй щIэкIэ хъуащ», - жиIэри, Жэбагъы абы кIэлъидзащ. Абдеж Уэрид пщыр шууэ блэкIырти, и тхьэкIумэм къиIуащ щIалэщIэм жиIар. «Iэу, сыту пIэрэ мы ныбжьыщIэм къыздигъуар? - игъэщIагъуэри, щIалэр къриджащ.

- Сыт, щIалэфI, Уэрид и Iуэху щIэкIэм дэбгъуар, кIэнджэгу утыку къыщиплъхьэн хуэдэу?

- еупщIащ пщышхуэр.

- Щынэм и лъакъуэ къутар зейр, лажьэ зимыIэр, пшынакIуэ ищIащ, къуаншэр къигъанэри, - итащ жэуап Жэбагъы.

- АтIэ дауэ унафэ зэрыщIын хуеяр?

- Лъакъуэ псохэм ирамыхьэжьамэ, лъакъуэ къутам ихьынтэкъым. Къуаншэри, лажьэ зиIэри лъакъуэ псохэращ. Апхуэдэу щыхъукIэ, плIыми я зэхуэдэу къапшыныжын хуейщ.

Абы и жэуапыр зигу ирихьа Уэрид абдежым щыщIэдзауэ, и щIалагъэми емыплъу, унафэ щIыныр Жэбагъы и пщэ ирилъхьащ.

МЫ IУЭРЫIУАТЭМКIЭ си тхыгъэр къыщIыщIэздзам щхьэусыгъуэ иIэщ. Тыркум щыпсэу адыгэхэм уахэплъэмэ, политикхэу, щIэныгъэлIхэу, тхакIуэхэу, композиторхэу, журналистхэу, артистхэу, хьэрычэтыщIэ хэу къахэкIар зэрымащIэм гу лъумытэну Iэмал иIэкъым. Къэралыгъуэм щыпсэу адыгэхэм я бжыгъэм елъытауэ, къедбжэкIа IэщIагъэлIхэм хуэдэхэр куэдкIэ нэхъыбэ хъун хуейт. Абы и щхьэусыгъуэми куэдрэ согупсыс. Сахуплъэри, ди сабийхэр Iущщ, гурыхуэщ, акъылыфIэщ, ауэ адыгэхэм сакIэлъоплъыжри, дэнэ щыIэ атIэ ди лъэпкъым и цIэр фIыкIэ зыгъэIуну цIыху пажэхэр?

Пэжщ, адыгэхэм ящыщ куэдыр зыхэс лъэпкъым хэшыпсыхьыжащ, къызыхэкIар зыбзыщIхэри мащIэкъым. Адыгэхэм ди щIэблэ гъэсэкIэм деж зыгуэр щытIэщIэкIыу пIэрэ? Сэ сызоплъэкIыжри, дэ ди адэхэм хуабжьу дафIэлIыкIыу икIи тIэкIу дэкъузауэ дыкъэтэджащ, хабзэр, нэмысыр тщIэуэ, нэхъыжьхэм пщIэ яхуэтщIу, шынэ-укIытэ тхэлъу дапIащ.

Апхуэдэ щапхъэхэрщ щIэблэр зыщIэпIыкIын хуейри, ауэ къыщыхъуи щыIэщ Iуэху гуэрым иужь ихьэмэ, ар хъунукъым жаIэурэ щыIэпэщIауди, псэлъапIэ щрамыгъахуи.

КъэтIуэтэжа хъыбарыжьым Уэрид пщышхуэм Жэбагъы псалъэ ирет, и гупсысэм йодаIуэ, абы къыщымынэу, щIалэ цIыкIу пэтрэ, дзыхь хуещIри, унафэщIу егъэув. ЦIыхур щысабийм щыщIэдзауэ тегушхуэныгъэ хэлъу, утыкуакIуэу къэгъэтэджын хуейщ. ЩIэблэ гъэсэным деж адыгэхэм а Iыхьэр IэпэдэгъэлэлI дощI. Ди нэхъыжьхэм нэмыс хуэтщIыу дгъэлъапIэ щхьэкIэ, ди щIалэгъуалэр дгъэгушхуэу утыку еттыркъым.

Мы зэманым къэралыгъуэ зэхуэмыдэхэм къулыкъу зезыхьэхэм я нэхъыбэм я ныбжьыр илъэс 50-м нэсакъым. Нэхъапэхэм хуэмыдэу иджыпсту щIалэгъуалэр нэхъ пасэу куэдым щыгъуазэ хуохъу, абы и щхьэусыгъуэри псынщIэу зызыужь дунейм къытхуихь Iэмал зэхуэмыдэхэрщ. Iуэху зэфIэхыным нэхъыжь-нэхъыщIэ иIэн хуейкъым, жьантIэр зэтын хуейр зыхузэфIэкIырщ.

● Iуэху еплъыкIэ

Хъункъэ дызэрыщыгъуар?

УвыIэгъуэ имыIэу зэплъэкIым и пщэр хуэшым зэщIеубыдэ. БлэкIам къыпхуегъэгъэзэжынукъым. Нэхъыщхьэр уи нобэмрэ уи къэкIуэнумрэщ. Уи нэгу щIэкIар гуфIэгъуэми гузэвэгъуэми, егъэлеяуэ абыхэм я гукъэкIыжым зызыщIебгъэубыдэмэ, гукъыдэжыр егъэмащIэ, Iэпкълъэпкъыр зэщIеIулIэ, уи къарур пIэпехри, лъэр щIеуд.

СЭ КЪЫЗЭРЫСЩIЭЖ лъандэрэ, Тыркум ис адыгэхэм накъыгъэм и 21-р щыгъуэ махуэу идогъэкIуэкI. СызэрыщыгъуазэмкIэ, дуней псом щызэбгрыдза ди лъэпкъэгъухэми а махуэм пэкIухэр къызэрагъэпэщ. Урыс-Кавказ зауэм ди лъэпкъым къыхуихьа мыгъуагъэр, залымыгъэкIэ я хэкум ирагъэIэпхъукIа адыгэхэм къатепсыха гуауэр гуимыхужщ.

Пэжщ, укъызыхэкIа лъэпкъым и къуэпсыр къыщежьэр, абы и къекIуэкIыкIар зыхуэдэр, и щхьэ кърикIуар, гуауэми гуфIэгъуэми, зыщумыгъэгъупщэу щIэблэм я деж нэпхьэсын хуейщ. Сыт щхьэкIэ? Абы дерс къыхахыу, къэкIуэну дахэ зэраIэным хущIэкъун папщIэ. Ди щхьэ кърикIуахэмкIэ лажьэ зиIэр «нахътэмрэ шхуэмрэщ» жытIэу, нэгъуэщI лъэпкъхэр дгъэбийуэ, абыхэм гужьгъэжь яхуэтщIу, ди зэманыр абыкIэ дгъакIуэу дызэхэтыным, фи фIэщ фщIы, къытхуихьын щымыIэ. Дызэгупсысыжмэ, апхуэдэ мыгъуагъэ къызэрыттепсыхамкIи, зыкъомыр езы адыгэхэм ди дежи къыщожьэ.

Ди лъэпкъым зедгъэужьын щхьэкIэ нобэ тщIэн хуейр мащIэкъым. ДызэрывгъэIыгъ, щIэблэр щIэныгъэм, гъуазджэм, щэнхабзэм дедвгъэгъэхьэх, а гъуэгур къыхэтхмэщ дыщефIэкIуэнур, щIэныгъэлI, къэхутакIуэ куэдым щапхъэу ягъэлъагъуэу щыта лъэпкъ уардэ дыщыхъужынур.

Накъыгъэм и 21-р ди лъэпкъым и къэщIэрэщIэжыныгъэм и махуэу дывгъэубзыху. Ди блэкIар тщымыгъупщэу, ауэ ар къыдэдгъэжеижрэ ди гур гужьгъэжьым едгъэубыду мыхъуу, адэкIэ дызэрефIэкIуэнум, щIэблэм къэкIуэну дахэ зэрахуэдухуэнум девгъэгупсыс.

● Абы дегъэпIейтей

ЩIэх кIэ игъуэтыну пIэрэ?

Тыркум щыпсэу цIыхухэр иужьрей лъэхъэнэм лъэныкъуитI зэрыгъэхъуауэ зоныкъуэкъ у. ЗэгурымыIуэныгъэм лъабжьэ хуэхъуар мазиплI-тху и пэ Тыркум и Меджлисым еджакIуэхэм зыхуей щыгъынхэр ящыгъыу университетхэм кIуэну хуит зыщI унафэ къызэрыдигъэкIарщ. Пэжщ, уасэхэр щыдэуей, щIалэгъуалэ куэдыр IэнатIэншэу къыщынэ зэманым цIыхухэм я зыхуэпэкIэм темыпсэлъыхьмэ, Тыркум щыпсэухэм нэгъуэщI Iуэху яIэкъым, жызыIэни щыIэнкIэ мэ хъу.

АПХУЭДЭ зэпэщIэувэныгъэр къыщIежьа Iуэхум мы къэралым щыпсэухэм дежкIэ мыхьэнэшхуэ иIэщ. Псалъэмакъыр къэзышар цIыхубзхэм я щхьэ фIэлъ IэлъэщIырщ. Ислъам диныр зезыхьэ языныкъуэхэм къызэралъытэмкIэ, цIыхубзым IэлъэщI темылъу зытемыхьэ цIыхухъухэм (адэм, адэ къуэшым, дэлъхум, щхьэгъусэм, къуэм къищынэмыщIа) зыкъригъэлъагъу хъунукъым. Абыхэм я гупсысэмкIэ, бзылъхугъэхэр щхьэ пцIанэу университетым кIуэн дэнэ къэна, уэрамым дыхьэ хъунукъым. Мыбы теухуауэ дин щIэныгъэлIхэм я Iуэху еплъыкIэхэри зэтехуэркъым. Языныкъуэхэм зэрыжаIэмкIэ, бзылъхугъэм и щхьэр щIэхъумауэ щытыныр диным къыщыгъэлъэгъуакъым.

Тырку Меджлисым мы унафэр къыщищта япэ мазэм пщащэхэм IэлъэщI ятемылъу университетхэм щIамыгъэхьэу щытащ. ЕджакIуэхэм я щхьэ тепхъуэр еджапIэ бжэIупэм деж щызэтрахырт е университетым кIуэххэртэкъым. КъапэщIэувахэр мымащIэми, къулыкъущIэхэм а унафэр зрахъуэкIыжыну хэткъым. Апхуэдэу щыхъум, оппозицэ политикэ партхэм а унафэр къутэжын хуейуэ Конституцэ судым къыщаIэтащ. Iуэхур зытеубыда хъунур иджыри наIуэкъым.

Тыркум ис цIыхухэм я процент 95-м ислъамым тету жаIэми, езы муслъымэнхэм я Iуэху еплъыкIэр зэтемыхуэу сытым дежи я зэхуаку зэныкъуэкъу гуэр дэлъщ. Апхуэдэ зэхущытыкIэрщ дин экстремизмэри къэзышэр. Къэрал унафэр, зэрахьэ диным емылъытауэ, псоми зэхуэдэу ягъэзэщIэн хуейуэ къэзылъытэхэр щыIэщ. Абыхэм зэрыжаIэмкIэ, университетхэм е къэрал IуэхущIапIэхэм диным и нэщэнэ гуэрхэр къыщекIуэкIмэ, абы къэралыгъуэм и хабзэхэр къызэпеуд. Езыгъэлей дин щIэкъухэм я Iуэху еплъыкIэм тепщIыхьмэ, бзылъхугъэхэм IэлъэщI ятелъыныр диным и хабзэхэм ящыщ зыщи, ар зэрагъэзэщIэнумкIэ цIыхубзхэр дэнэ щIыпIи щызэхуэдэн хуейщ, ар зэрахьэнымкIи хуитыныгъэ яIэпхъэщ. Абы къыхэкIыуи и щхьэм IэлъэщI телъкъым жыпIэу цIыхубзхэр университетхэм щIумыгъэхьэныр, къэрал IуэхущIапIэхэм щумыгъэлэжьэныр къуаншагъэшхуэщ.

Си гугъэкъым мы зэпэщIэувэныгъэм щIэх кIэ игъуэтыну. Ауэ Тыркум щыпсэу адыгэхэм а Iуэхум хуаIэ еплъыкIэр сыт хуэдэ жыфIэмэ, ущыпсэу къэралым, узыхэс лъэпкъым и гуфIэгъуи и гукъеуи, ухуей-ухуэмейми, дыбогуэш. Ди лъэпкъэгъухэми, абы теухуа я гупсысэхэр зэщхьэщокI, ауэ тыркухэм хуэдэу а Iуэхум ткIийуэ бгъэдыхьэркъым.

● Динымрэ хабзэмрэ

Зыр зым зэран хуэхъуркъым

Ислъамымрэ адыгэ хабзэмрэ зэхэмызэгъэну, диныр пIыгъмэ, мыдрейм зыкIи ухуэмейуэ къэзылъытэ цIыху куэд щыIэщ.

НЭХЪАПЭХЭМ Тыркум щыIэ адыгэ къуажэхэм нысашэ щекIуэкIкIэ джэгу езымыгъэщIыну хэт, хъыджэбз хэмрэ щIалэхэмрэ зэгъусэу хьэгъуэлIыгъуэ ебгъэкIуэкIыныр гуэныхьышхуэу зыбж гупхэр утыку къизэрыхьат. Апхуэдэу зыкъэзыIэтхэр нэхъ ужьыхами, ди жагъуэ зэрыхъунщи, иджыри а гупсысэ мыщхьэпэр зиIэхэм уахуозэ. Ауэ ислъамым къигъэувхэм фIыуэ щыгъуазэм къыгуроIуэ лъэпкъым къыдекIуэкI и хабзэ дахэхэр IэщIыб щIыным абы укъыхуриджэу зэрыщымытыр.

Мысырым щыпсэуа, адыгэ хабзэхэм щыгъуазэ ефэндышхуэ гуэрым мыпхуэдэу жиIэгъат: «Адыгэ хабзэмрэ ислъам динымрэ къагъэлъагъуэхэр куэдкIэ зэтохуэ. Абы къыхэкIыуи, хьэрыпхэм зэгуэр къахуэкIуа бегъымбарым и псалъэхэр адыгэ хабзэхэм лъабжьэ хуэхъуауэ къысщохъу».

Пэж дыдэу адыгэ хабзэм узыщрихьэлIэ куэдым, псалъэм папщIэ, цIыхухэм укIытэ, нэмыс яхэлъу, цIыхубзым, нэ хъыжьым пщIэ хуащIу, къабзагъэм и телъхьэу зэрыщытыпхъэм, нэгъуэщIхэми ислъам диным ущрохьэлIэ. «Е адыгагъэр е диныр къыхэфх, а тIур зэдэпIыгъыфынукъым» жыпIэныр гуэныхьщ икIи къуаншагъэшхуэщ.

Къайсэр къалэм щыпсэу, зи ныбжьыр илъэс 75-м нэса Къып Сэлахьэдин ди лъэпкъ къуажэхэм ефэндыуэ щылэжьащ, дин Iуэхум, адыгэ хабзэм фIы дыдэу хещIыкI. Абыхэм ехьэлIа псалъэмакъхэр телевиденэм, газетхэм къыщеIэ т, диным т еу ху а тхылъхэри къыдегъэкI. Илъэс 12 и пэкIэ, Хэкужьым ирагъэблагъэри, мазэ зыбжанэкIэ щыIащ. И ныбжьыр хэкIуэтами, жыджэру нобi жылагъуэ Iуэхухэм хэтщ, Адыгэ Хасэхэм я зэхыхьэхэм макIуэ, и лъэпкъэгъухэм гуфIэгъуэкIэ е гузэвэгъуэкIэ сыт хуэдэ Iуэху яIэми, ар ядигъэпсынщIэ у, ядиIэ ту а цIыху щыпкъэр щыплъагъ унущ. Си адэми Сэлахьэдин и ныбжьэгъушхуэт. Ар дунейм щехыжам, Къыпым щхьэх имыщIэу махуитху зэкIэлъыкIуэм ди гуауэр къыддигъэпсынщIэу къыдбгъэдэсащ. Мис абы щыгъуэм сэ си нэгу щIэкIащ диным къигъэувхэри адыгэ хабзэри екIуу абы зэригъэзащIэр. Апхуэдэуи къызгурыIуащ динри хабзэри зыр зым зэран хуэмыхъуу зэрызепхьэфынур.

● Ди лъэпкъэгъу цIэрыIуэхэр

Беркъукъу Исмэхьил Кавказым тетхыхьырт



Урыс-Кавказ зауэм и ужькIэ, Къэбэрдейм къиIэпхъукIыу Уэсмэн пащтыхьыгъуэм къэкIуа къэбэрдей унагъуэм 1889 гъэм къыщыхъуа Беркъукъу (Жэрэщты) Исмэхьил хэхэс адыгэхэм я нэхъ цIэрыIуэ дыдэхэм ящыщщ. Ар цIэрыIуэ зыщIар и IэщIагъэм, къулыкъу лъагэ иIыгъам и закъуэкъым, атIэ къызых экIар зыщимыгъэгъупщэу, сыт щыгъ уи гукIи псэкIи абыхэм я гъусэу, лъэпкъ Iуэхур япэ ирагъэщу дунейм зэрытетарщ.

АДЫГЭЛI щыпкъэр дзэзешэ Iэзэт, генералт, тыркудзэм и офицер хэри иригъадж эрт. Дзэм къыхэкIыжа нэужь, Меджлисым и депутату хэхыгъуитIкIэ лэжьащ, а къалэныр игъэзащIэу 1954 гъэм дунейм ехыжащ.

Исмэхьил и Iэдакъэ къыщIэкIащ тхылъ зыбжанэ. Зауэ хуэIухуэщIэхэм триухуахэм нэмыщIкIэ, адыгэ лъэпкъым и къекIуэкIыкIар уи нэгу къыщIэзыгъэувэ Iэрытх гъэщIэгъуэни игъэхьэзыращ абы. «Кавказым и тхыдэр» тхылъышхуэм Беркъукъум, а щIыналъэм и зэхэлъыкIэм, и щIыуэпсым деж къыщрегъажьэри, ар зи хэщIапIэ лъэпкъхэм я къекIуэкIыкIам убгъуауэ топсэлъыхь. Сэ сызэреплъымкIэ, мы тхылъыр адыгэбзэкIи, урысыбзэкIи зэдзэкIауэ ди лъэпкъэгъухэм я пащхьэ илъхьэн хуейщ. Иджы а тхылъым щыщ зы пычыгъуэ фыкъезгъэджэнщ:

«Зы хэку щыпсэухэм я цIыху щIыкIэр, я хьэл-щэныр а щIыналъэ зэрысым и щIыуэпсым и зэхэлъыкIэм куэдкIэ зэрелъытам шэч хэлъкъым. Кавказ хэкур дахэщ, пIэпыхур къокI жыхуаIэм хуэдэу и щIыр къызыхуэтыншэщи, мэкъумэшыр бэву щохъу, и лъэныкъуитIыр тенджызщ, и хъугъуэфIыгъуэхэр гъунэ зимыIэщ. Абы къыхэкIкIэ, Кавказым и цIыхухэр зыхуэныкъуэ щымыIэу мэпсэу. Аращи, а щIыналъэм зэ ихьам нэгъуэщI щIыпIэ я нэ къимыхьыж мэхъу. Къурш лъагэхэр, къуэ куухэр, къуакIэбгыкIэхэр, псынэхэр, псыежэххэр щыкуэдщ. ЩIыналъэм и зэхэлъыкIэм зы лъэныкъуэкIэ хэкур къытезэрыгуэ бийхэм щыхъумэгъуафIэ ещI, ауэ, нэгъуэщI лъэныкъуэкIэ укъыщеплъмэ, цIыхухэр зэпэIэщIэу, зэлъэIэсыгъуейуэ къегъанэ. Аращ лIакъуэ зэхуэмыдэу зэщхьэщыхауэ псэунри къэзышэр. Кавказым и цIыхухэр хэкупсэщ, я щхьэхуитыныгъэр сыт щыгъуи япэ ирагъэщ.

И щхьэхуитыныгъэр фIэмыкIуэдын, и хэку дахэр зыIэщIимыгъэкIын щхьэкIэ, сыт щыгъуи бгырысхэр зэуакIуэу щытын хуей хъуащ; зекIуэ ежьэныр я лъэпкъ хьэлт икIи сытым де жи ахэр а Iуэх ум ху эхьэзырт. ГуфIэгъу эми нэщхъеягъу эми адыгэх эр зэпIэзэрыту, зы хьэлым тету къонэж, ирагъэлейуэ хьэлыншэу, я лъэпкъ хабзэм къемызэгъ ящIэу урихьэлIэнукъым.

ЩIыпIэ зэхуэмыдэхэм къикIыу Кавказыр псэупIэ зыхуэхъуа дэтхэнэ зыми мыбы щызекIуэ хабзэхэр къащтащ. Абы къыхэкIыу лъэпкъ зэхуэмыдэхэм я щэнхабзэм зэщхь куэдым ущрохьэлIэ. Кавказым ис цIыхух эр лIэщIыгъу экIэрэ къадэгъу эгурыкIу э я хабзэ дахэр ямыгъэкIуэду, я щIэблэр абы зэрыщIапIыкIыным хущIэкъуу къогъуэгурыкIуэ».

Хьэрып къэрал зэгуэтхэм я лIыхъужь Чыгъэду Мэруан

● Япэу тыдодзэ

Чыгъэду Мэруан. *1958 гъэ*

Чыгъэду Мэруан. *1971 гъэ*

ЛIыхъужьым и хъуэпсапIэм лъэр щынэсым, лъэпэрэпэну хуитыныгъэ иIэжакъым. Мы псалъэхэр тхакIуэм зыхужиIам хуэдэщ гупсысэ абрагъуэхэмрэ гурабзэ хьэлэмэтыщэхэмкIэ зи гъащIэр гъэнщIа, нобэ зи гугъу фхуэсщIыну цIыху телъыджэр.

ГъащIэм и мыхьэнэ нэхъыщхьэр нэхъ кууэ зыхозыгъащIэ, гур хэзыгъахъуэу псэр зыгъэтыншIуэхугъуэхэм ящыщщ уи Iыхьлы, уи ныбжьэгъу е уи лъэпкъэгъу и зэфIэкI лъагэхэм уригушхуэныр. Дэтхэнэ зы цIыхуми хъуэпсапIэ инрэ гугъапIэ лъагэрэ иIэу мэпсэу. Ауэ а хъуэпсапIэ, гугъапIэ псоми хунэсу зэзыгъэхъулIэфхэр мащIэ дыдэщ.

1935 ГЪЭМ Сирием хыхьэ Хьэлэб къалэм къыщалъхуа адыгэлI щыпкъэ Чыгъэду Мэруан Лъостэн и къуэр ящыщщ зи хъуэпсапIэр нахуапIэ зыщIа цIыху насыпыфIэхэм. Къэралыдзэ авиацэм и инженер IэщIагъэр зэзыгъэгъуэта щIалэр и хэкуэгъухэмрэ къэрал унафэщIхэмрэ я пщIэр къилэжьу зыпэрыхьэ IэнатIэхэр ирихьэкIащ.

IэщIагъэ зэмылIэужьыгъуэхэм щыхуагъасэу Хьэлэб дэт еджапIэр 1953 гъэм къиуха иужь, Чыгъэду Мэруан «Ирак-щIыдагъэ» IуэхущIапIэм уващ. ЗэрылажьэмхуэдэурэабыищIэныгъэмадэкIи щыпищащ Къэралыдзэм кхъухьлъатэмкIэ пыщIа институтым икIи а еджапIэ нэхъыщхьэр илъэсищ нэужьым фIы дыдэу къиухащ.

«Кхъухьлъатэр уэгум щыгъэIурыщIэн» зэхьэзэхуэм и ныбжьым емылъытауэ Iэзагъ инрэ зэфIэкI лъагэрэ къыщызыгъэлъагъуэу япэ увыпIэр къыщызыхьа Чыгъэдум а лъэхъэнэм Сирием и президенту щыта Аль-Къуэтли Шукри езым и IэкIэ ТекIуэныгъэм и кубокыр кърита щ икIи и ехъулIэныгъэхэм адэкIи къыпищэну къызэрыщыгугъыр къыжриIащ. Президентым и гулъытэм игъэгушхуа Мэруан мурад быдэ ещI къыщыхъуа хэкум хуэщхьэпэнымкIэ хузэфIэкI псори илэжьыну.

Чыгъэдум псэемыблэжу сыт хуэдэ Iуэхуми зэрыпэрыхьэм гу лъызыта къэрал лIыщхьэхэм я чэнджэщкIэ абы адэкIи и щIэныгъэм щыхигъэхъуэну Польшэмрэ (1956 гъ.) СССР-мрэ (1957 - 1958 гъгъ.) ягъакIуэ, «МиГ» кхъухьлъатэхэм я зэпкърылъыкIэмрэ зэфIэкIымрэ нэхъ кууэ щыгъуазэ зищIын папщIэ.

Мэруан къыздагъэкIуар Краснодар къалэрати, хъыжьагъэр къызэбэкI щIалэм мурад быдэ ещI и адэр къыщалъхуа Къэбэрдейм кIуэну. 1957 гъэм Мэзкуу щекIуэкIа Дунейпсо щIалэгъуалэ фестивалым Сирием и лIыкIуэу хэта адыгэ щIалэхэр Къэбэрдейм икIа щIалэгъуалэм щаIущIам хъыбару здахьахэр зи гум щызыгъафIэ Чыгъэдур тогушхуэри, 1958 гъэм Налшык щыхьэщIэну къокIуэ, и унэкъуэщхэри къегъуэтыж.

Апхуэдэ щIыкIэкIэ Сирием щыпсэу ди лъэпкъэгъухэм ящыщу псом япэу Къэбэрдейм къихьар Чыгъэду Мэруанщ. Аращ адыгэ тхылъхэр, макъамэрэ уэрэдрэ зытет пластинкэхэр Щам япэ дыдэу нэзыхьэсар. ПсалъэкIэ пхуэмыIуэтэным хуэдизщ къызыхэкIа лъэпкъым езым и тхыбзэ яIэжу, макъамэтххэр къахэкIауэ зэрыпсэум Мэруан зэрыщыгуфIыкIар.

Чыгъэдум, Краснодар еджапIэр къиухри, Сирием игъэзэжащ. ЗанщIэуи офицер щIалэр Мысырым щылэжьэну ягъэкIуащ.

Хьэрып къэрал зэгуэтым (Египет, Сирие) и авиацэр лъэщу зэфIэувэным, ар ефIэкIуэным хуищIа хэлъхьэныгъэм папщIэ абы президент Насер Абдел «ХьКъЗ-м я ЛIыхъужь» цIэ лъапIэр къыхуигъэфэщащ.

Мысырымрэ Сириемрэ зэгуэкIыжа нэужь (1961 гъэ), Мэруан Дамаск егъэзэж.

Зы илъэс докIри, Чыгъэдур ягъакIуэ аргуэру Польшэм, и щIэныгъэм хигъэхъуэн папщIэ. 1969 гъэ пщIондэ щыIащ ар Варшавэ икIи инженер лъэщ хъуауэ Сирием къокIуэж.

Польшэм щызэригъэгъуэта щIэныгъэр хьэрып къэрал зыбжанэм къахуощхьэпэ. Мэруан танкхэм папщIэ къигупсыса лъэмыжыщIэхэм и адэ Лъостэн и цIэр фIащащ. Абы Суэц кIэнауэр нэхъ тыншу къызэрызэбнэкIын ухуэныгъэхэр Мысырым зэрыщригъэкIуэкIам къыпэкIуэу, Египет къэрал дамыгъэ лъапIэр - Нил и дамыгъэр - кърата щ.

1975 гъэм Сирие къэралым и Т-54, Т-55 танкхэм ракетэ лъэщхэр тригъэзэгъащ, ахэр лагъым зыщIэлъ щIыпIэ хэм зэрыпхыкIыфын Iэмалхэри къэзыгупсысар Чыгъэдурщ.

И IэщIагъэкIэ ехъулIэныгъэ зэриIам хуэдэу, Мэруан унагъуэ насыпкIи Тхьэр къыхуэупсат. Чэлимэт Нэджат Ехья и пхъур абы гъащIэ гъусэ пэж къыхуэхъуащ. ПщIэрэ нэмысрэ яку дэлъу я гъащIэр ирахьэкI. Я бынхэри къэзылъхуахэм яхуэфащэу къэхъуащ: я щIалэ нэхъыжь Аммар Польшэм щIэныгъэ нэхъыщхьэ щызригъэгъуэтащ, инженерщ. Япхъу Тайе Дамаск университетым инджылызыбзэмкIэ и къудамэр къиухауэ мэлажьэ, я щIалэ нэхъыщIэ Сэхьэд - артистщ, Сирием щытрах киносериалхэм щоджэгу.

ЛIыхъужьыр уахътыншэ зыщIыр къыхуащI пщIэмрэ щIыхьымрэщ. И акъыл жанымкIэ, псэ хьэлэлу зэрыщытымкIэ, и IуэхущIафэ дахэхэмкIэ цIыхухэм ягу илъщ Мэруан, тхыдэми абы и цIэм увыпIэ щхьэхуэ щиубыдынущ. Си тхыгъэмкIэ сэ сызыхущIэкъуар апхуэдэ щIалэ телъыджэ ди лъэпкъым къызэрыхэкIар адыгэ псоми къезгъэщIэнырщ.

КЕЛДЫ Сабри.

ТХЬЭГЪЭЗИТ Рэфикъ

Узыншэу ущыт

Псэр пытыху
Гупсысэ тIэкIу,
ГугъапIэ тIэкIу -
Гур зыгъэпсэху.

Псэр пытыху
Гуапагъэ тIэкIу,
ГуфIэгъуэ тIэкIу -
Гур зыгъэпсэху.

Псэр пытыху
ГурыщIэ IэфI,
ЦIыхуфI и нэфI -
Гур зыгъэпсэху.

Псэр пытыху
Жьэгу пащхьэ Iугъуэ,
Зы псы Iубыгъуэ -
Гур зыгъэтIыс.

Псэр пытыху
Адыгагъэ тIэкIу,
Къуэшыгъэ тIэкIу -
Гур зыгъэнэху.

Псэр щыхэкIым
Зэ Iуплъэжыгъуэ,
Хэку жьы Iубыгъуэ -
Абы и ужькIэ
Узыншэу ущыт.

Тырку Республикэ, Сивас къалэ.

Куэд зыхузэфIэкI Хьэщокъуэ Адыл

Хьэщокъуэ Адыл Мыхьэмэт-Джэрий и къуэр 1933 гъэм Амман къалэм къыщалъхуащ. И сабиигъуэм щегъэжьауэ ар адыгэ лъэпкъым ифI зыхэлъ Iуэхухэм иужь итащ.

ЕТIУАНЭ дунейпсо зауэм и ужькIэ эмиграну Амман къэкIуа КIубэ Шэбан нэIуасэ хуэхъури, абы и фIыгъэкIэ адыгэбзэкIэ тхэкIэ, еджэкIэ зригъэщIауэ щытащ. Iуэху куэд зэдащIащ а тIум. Къыхэбгъэщмэ, абыхэм ягъэуващ «Къэбэрдей жэщтеуэ» зи фIэщыгъэцIэ театрыр, ар къэгъэлъэгъуэнми хэлIыфIыхьащ.

Амман дэт Адыгэ Хасэм жыджэру Iуэху ядищIащ Шэбан. Ауэ абы илэжьхэр, анэдэлъхубзэр адрейхэм зэрагъэщIэнымкIэ зэрадэIэпыкъур щыпсэу къэралым и унафэщIхэм ягу ирихьакъым. Абы къыхэкIыу, КIубэ Шэбан Иорданием икIри, Франджым, иужькIэ США-м Iэпхъуащ.

Хьэщокъуэ Адылрэ Тхьэбысым Сэмихьрэ Иордание къэралыгъуэм и шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщынымкIэ и IуэхущIапIэм и лэжьакIуэхэм яубыдри, я пщэдыкъым къэс псым мазэ бжыгъэкIэ хагъэтащ, итIанэ къаутIыпщыжащ. Аращ къызыхэкIар щIалитIыми я жьэжьей узыр. Адыл Иорданием псэупIэ къыщратакъым. Польшэм кIуащ, абы икIри Москва къэкIуащ. Урысейм и къалащхьэм щылъэIуащ Адыгейм къагъэкIуэжу и лъэпкъэгъухэм яхэсу псэуну, арщхьэкIэ хуадакъым.

Абы щыгъуэм Германием кIуэри, Вуперталь къалэм лэжьэн щыщIидзащ. Бзэр зригъэщIащ, нэмыцэ пщащэ щхьэгъусэ ищIащ. Дианэ зыфIаща хъыджэбз цIыкIури зэдагъуэтащ а тIум.

А лъэхъэнэм Германием хамэ щIыпIэхэм къикIауэ цIыху куэд щыIэт. Япэ дыдэу 1963 гъэм «Адыгэ» и фIэщыгъэцIэу хасэ къыщызэIуахащ а къэралым. Хасэр къызэрагъэпэщащ Адыл и щхьэгъусэ Эльке, студент Джоб Майкрэ абы и щхьэгъусэ Бильмайер Роландрэ. Хасэм адыгэ тхакIуэхэм я сурэтхэр Адыл фIидзащ. Аудиокассетэхэр игъэхьэзырти, дунейм щикъухьа адыгэхэм яхуригъэхьырт. Апхуэдэурэ алыфбей зэхигъэуващ. А алыфбейр Израилым щыIэ адыгэ еджапIэм къыщагъэсэбэпащ.

Хьэщокъуэм адыгэ щэнхабзэр, хабзэхэр фIыуэ ищIэрт. Тыркум къикI лэжьакIуэхэр Германием къэIэпхъуэу щрагъэжьам, лъэпкъ зэхуэмыдэхэм щыщхэм «Кавказ» хасэ зэхашащ. АдыгэцIэр я нэм къыщIэуэрт абыхэм икIи къебэнырт, ауэ, дауэ защIми, ирагъэкIуэтыфакъым.

Зы махуэ гуэрым муслъымэн диныр лажьэ гуэр къэкIуащ Адыл къелъэIуну:

- Хасэ унэм диным щыхуедгъэджэну хуит дыкъэпщIын?

- жиIэри.

- Дэгъуэщ, фызот, - жиIащ Адыл. - Тхьэмахуэ махуэм щегъэжьауэ щэбэтым шэджагъуэ хъуху унэр фыфейщ, - апхуэдэу пIалъэр яхуигъэнахуэри, IункIыбзэр яритащ. Адрейхэм ящIэнур ямыщIэу къэнащ, я лъэIур игъэзэщIэну щыгугъакъым, коммунисту ябжырти. ДинырылажьэхэмхэмхуейхуэмеймиIункIыбзэр ящтэн хуей хъуащ. Тхьэмахуитху хуэдиз яIыгъри, еджакIуэхэр зэхуашэсыфыртэкъыми, IункIыбзэр Хьэщокъуэм иратыжащ.

...Адылрэ и щхьэгъусэмрэ зэгурымыIуэу зэбгъэдэкIыжащ. И узми нэхъ къыхигъэзыхь хъуащ. Сэ Хьэщокъуэр зэзгъэлъагъуну сыщыкIуам, пIэм хэлъти, ерагъыу къызэфIэтIысхьауэ щытащ.

● Хэкупсэхэр

1984 гъэм и пэщIэдзэм Адыл дунейм зэрехыжар зэхэтхащ, адыгэ Iуэхум игъэгумэщI дэтхэнэ зыми ар игу къеуащ. Мазае махуэ щIыIэм адыгэлI щэджащэм и жэнэзым дыхэтащ.

Адыл и ныбжьэгъу Тхьэбысым Сэмихь Налшык къэкIуэжри, унагъуэ щиухуащ. Ари а илъэс дыдэм дунейм ехыжащ. ТIури зэрылIыкIар жьэжьей узырщ.

ЕДЫДЖ Батрай, *философие щIэныгъэхэм я доктор.*

Чэрим Борис и дохутыр унагъуэ цIэрыIуэр

● Щапхъэ

Зи гугъу фхуэтщIыну Чэримхэ я унагъуэм ис псори дохутырщ. Абыхэм я лIакъуэ жыгыр я цIэхэмкIэ мыхъуу, я дохутыр Iэщlагъэхэмкlэ зэхэбгъэувэ хъунущ. Унагъуэм я тхьэмадэ Чэрим Борис Лэкъумэн и къуэр хирургщ, абы и щхьэгъусэ Еленэ Айса и пхъур отоларингологщ, япхъу Беллэ кардиологщ, терапевтщ, функциональнэ диагностикэмкIэ дохутырщ, я къуэ зэпIольхуэныкъуэхэу Маратрэ Тимуррэ зыр пульмонологщ, адрейр хирургщ. Я ныеуэхэу Жаннэ медиатрфизиотерапевтщ, Аллэ эндокринологщ.

IэдэБУ, сакъыу, жэуапIыныгъэшхуэ зыпылъ операциэ нэхъ хьэлъэ дыдэхэм языхэз иригъэкIуэкIыу фIэкIа умыщIэну и гъащIэ гъуэгуанэм и теуванIэ цIыкIухэм кьоркIуэ Борис Лэкъумэн и къуэр. Ар ироплъэжэман жыжьэм, хуоплъэкIыж и кьэжьапIэм, и унагъуэм и щIэдзапIэм.

Чэрим Борис Тэрч районым хыхьэ Курп Ищхьэрэ къуажэм 1930 гъэм кьыщалъхуащ. Школ-интернатыр кьиуха ныжь, Владикавказ дзэ медицинэ институтым щIэтIысхьащ. 1952 гъэм участковэ дохутыру кьуажэ сымаджэщым лэжьэн щыщIидзащ. 1953 - 1956 гъэхэм Советскэ кьуажэм дэт районым сымаджэщым дохутыр нэхъыщхьэу, хирургыу щыIащ. 1955 гъэм дохутырхэм я IэщIагъэм щыхагъахьэу курсхэр Ленинград кьыщиухащ. И лэжьыгъэм и пIалъэр фIыуэ кьыщищIащ Бахьсэн район сымаджэщым. Ар абы илъэсиблкIэ щыIащ. Хирург отделенэм и унафэщI къулыкъум деж кьыщыщидзэри, дохутыр нэхъыщхьэ хьуху щылэжьащ. Хирург Iэщlагъэм и щэху псори кьыщищIар а сымаджэщрагъ жыпIэмэ ущыуэну кьыщIэкIынкъым. Аращ абы кьызэгъэпэщакIуэ жыдджэру, узыншагъэр хьумэным и лэжьакIуэ кьызэрымыкIуэу зыкьыщигъэлъэгъуар.

1963 гъэм Борис Республикэ клиникэ сымаджэщым и дохутыр нэхъыщхьэм и къуэдзэу ягъакIуэ. Илъэс 12-кIэ щылэжьащ Борис КъБР-м и сымаджэщ нэхъыщхьэм икIи щхьэкъуIутыпIэ имыIэу и кIалэным щыпэрыта илъэсхэу и гъащIэм кьыхэнащ. А лъэхъэнэм корпусэр ящIырт, отделенэмIэхэр кьызэгъэуахырт, иджырей Iэмэпсымэхэр зэрагъэпэщырт, абыхэм зэрырилэжьэну щIыкIэхэр зрагъащIэрт. Апхуэдэ кьыщIэдзапIэ куэдым и гуащIэ хилъхьащ зи гугъу тщIы дохутыр Iумахуэм. Хирургыу лажьэурэ кьызэгъэпэщыныгъэ лэжьыгъэмэ жыджэру пэрытащ.

1976 гъэм и щIышылэ мазэм Налшык кьалэ клиникэ сымаджэщым и дохутыр нэхъыщхьэ ящIащ Борис. Абы и ужь ита илъэс 20-р Чэримым и гъащIэм щыщу нэхъ гукъинэж дыдэ илъэсхэрауэ жыпIэ хъунущ. 1976 гъэм щегъэжьауэ 1997 гъэр кьэсыху кьалэ сымаджэщыр кьызыхуэтынщэу кьызэрагъэпэщат, медицинэ IэмэпсымэщIэхэмкIэ яуэдат, узыфэ зэхуэмыдэхэм щеIэзэ отделенэщIэхэр кьызэIуахат, зэрыIэзэIэмалыщIэхэр практикэм кьыщагъэсэбэпу хуежьат. УнафэщIым мыхьэнэшхуэ иритырт медицинэм и лэжьакIуэхэм я щIэныгъэм, Iэзагъэм хэгъэхъуэным. НэрылъагъуэefIэкIуэщ щагъэхъуж - узыфэр кьыщахутэ Iэнатlэри.

УФ-м, КъБР-м щIыхь зиIэ я дохутыр Чэрим Борис пенсэ кIуами, иджыри кьыджэрщ. Абы и Iэдакъэ кьыщIэкIащ «Санитарно-демографические процессы в городских поселениях КБР» монографиер. Ар уабжьу ягу иригъащ икIи Iэщlагъэлlхэм я лэжьыгъэм кьыщагъэсэбэп. Жылагъуэм и узыншагъэр кьыхутэн папщIэ, Борис зэпкърыхауэ кьигъэлъэгъуащ иужьрей илъэс 30-м республикэм щыщыIа демографие щытыкIэр.

Практикэ медицинэм зи гъащIэм щыщу илъэс 45-рэ хуэзэыха Борис иджыпсту Медицинэ страхованэмкIэ республикэ фондым щолажьэ.

Кьыхэгъэщыпхьэу кьыщIэкIынщ интеллигентностыр абы и хьэл нэхъыщхьэхэм зэращыщыр. Джанэ хужь пщыгъэу екIуу Iэнэм упрысынракъым а псалъэм и купщIэр. АтIэ псэ хьэлэлагъыщ, зэпIэзэрыгагъыщ, цIыхум и дзыхь кьыуигъэзыныщ, кьыщыпхуейм и дежи сэбэп ухуэхъуфынырщ. Налшык кьалэ сымаджэщым и дохутыр нэхъыщхьэ Щоджэн Николай сыт щыгъуи жеIэ щапхъэфI куэд зытриха Чэрим Борис пIалъэ-пIалъэкIэрэ епсэльыIэныр Iэмалыншэу кьызэрильытэр, Iуэху куэдкIэ ечэнджэщыну зэрыфIэкъабылыр.

Гъуэгуанэ кIыхь кьызэдакIуащ Борисрэ и щхьэгъусэ Еленэрэ. Я гуфIэгъуэхэр зэдагуэшу, я унагъуэ гугъуехьхэр зэдгъэпсынкIэу, я лэжьыгъэ Iуэхуми щызэдзIэпыкъуу кьызэдекIуэкIащ а тIур. Илъэс 42-кIэ отоларингологыу сымаджэщ зэхуэмыдэхэм, псом нэхърэ нэхъыбэрэ кьалэ клиникэ сымаджэщым щылэжьащ Еленэ. Ноби а Iуэхущ Iапlэм чэнджэщэгъуэ щыIэщ. И Iэщlагъэм и пIалъэр фIыуэ зыщIэ, лэжьыгъэм и щэху псоми щыгъуазэ бзылъхугъэ гукъIуэр ноби мэлажьэ, игъэхьэж цIыхухэм я фIыщIэм кьаруущIэ кьыхилъхьэу.

Зи лэжьыгъэм нэхъыеиншэу пэрыт Iэщlагъэлlхэращ дунейр зэтезыIыгъэр, жыпIэкIэ щыуагъэ хьуну ди гугъэкъым. Абыхэм я хьэл-щэнхэр, иужькIэ ягъэт Iэзагъэр кьыщежьэр щапIа унагъуэрщ, фIы ящIэу дунейм тетыну быныр зыгъасэ адэ-анэм я дежщ. Армырамэ, Борисрэ Еленэрэ я бынхэм дохутыр Iэщlагъэм хуаIэ лъагъунытыгъэр дэнэ кьыздрахар? Къулыкъур, цIэ лъапIэр - ахэрахъым Чэримхэ я унагъуэм кьыщыхъуахэм гъуэгугъэлъагъэ яхуэхъуар, атIэ я адэ-анэм я щапхъэр гъуазэ ящIауэ аращ.

Борис ипхьу Беллэ 1983 гъэ лъандэрэ щолажьэ сымаджэщым. Школыр дыщэ медалкIэ, институтыр диплом плъыжькIэ кьиухащ абы. Неврологие кьудамэм дохутыр-ординатор зэхэзи щыщIидзауэ арат пщащэм. Иджыпсту кьалэ сымаджэщым и дохутыр нэхъыщхьэм и кьуэдзэщ, кардиологиемкIэ, терапиемкIэ Iэщlагъэлlкъым. Ар Iэщlагъэлlым дохутырхэм я щIэныгъэм щыхагъахьуэ курсу кьралым и институт нэхъыфIхэм щыIэхэм мызэ-мытIэу и Iэзагъым щыхигъэхьуащ. Сертификату щыиIэщ, абы щыщщ функциональнэ диагностикэмкIэ дохутыр зэрыхьуари.

Зэкъуэшхэу Тимуррэ Маратрэ зэгъусэу КъБКъУ-м медицинэмкIэ и факультетыр кьаухащ, иужькIэ я гъуэгуанэр зэхэкIащ. Марат Москва педиатриемрэ хирургиемкIэ щыIэ щIэныгъэ-кьэхутакIуэ институтым и ординатурэм щеджащ. ИкIи Москва къыщыхэгъуихауэ щыгъащ сабийхэм я Iум ирихьа хьэпшыпI щыкIыфэкIуэр кьыщыжьэдахьыж кабинет.

Дыдэрэ зэманым Марат доцентщ, КъБКъУ-м щрегъаджэ - педиатрхэр егъэхьэзыр, практикэ медицинэри Iэщlыб ищIыркъым. Марат КъБР-м Узыншагъэр хьумэнымкIэ и министерствэм штатым хэмыт и сабий пульмонолог нэхъыщхьэщ. ИщхьэкIэ си гугъу тщIа кабинетым хуэдэ Налшык кьыщызэIуихауэ мэлажьэ.

Тимур ди республикэм и хирург нэхъ лъэрыхьхэм ящыщщ. Ар зи лэжьыгъэр фIыуэ зыльагъу, зэчиншхуэ зыбгъэдэлъ Iэщlагъэлlщ, категорие нэхъыщхьэ зиIэ дохутыр. Зыпэрыт Iэнатlэм хуиIэ гукъыдэжымрэ и Iэзагъымрэ кьыпкIауэ и лэжьэгъуэхэм я дежи щиIэ Iульджыр, сымаджэхэм я дзыхь кьызырагъэзыр. Хирургым и лэжьыгъэр, и щIэ кьыдэхуэ жэуапIныгъэр щыкIуэкым, ауэ зи Iэщlагъэм кууэ хэзыщIыкI Тимур абы фIы дыдэу полъэщ.

ИлъэсипщI хьуауэ цIыхухэм я Iуэху куэдкIэ ечэнджэщыну зэрыфIэкъабылыр.

Гъуэгуанэ кIыхь кьызэдакIуащ Борисрэ и щхьэгъусэ Еленэрэ. Я гуфIэгъуэхэр зэдагуэшу, я унагъуэ гугъуехьхэр зэдгъэпсынкIэу, я лэжьыгъэ Iуэхуми щызэдзIэпыкъуу кьызэдекIуэкIащ а тIур. Илъэс 42-кIэ отоларингологыу сымаджэщ зэхуэмыдэхэм, псом нэхърэ нэхъыбэрэ кьалэ клиникэ сымаджэщым щылэжьащ Еленэ. Ноби а Iуэхущ Iапlэм чэнджэщэгъуэ щыIэщ. И Iэщlагъэм и пIалъэр фIыуэ зыщIэ, лэжьыгъэм и щэху псоми щыгъуазэ бзылъхугъэ гукъIуэр ноби мэлажьэ, игъэхьэж цIыхухэм я фIыщIэм кьаруущIэ кьыхилъхьэу.

Зи лэжьыгъэм нэхъыеиншэу пэрыт Iэщlагъэлlхэращ дунейр зэтезыIыгъэр, жыпIэкIэ щыуагъэ хьуну ди гугъэкъым. Абыхэм я хьэл-щэнхэр, иужькIэ ягъэт Iэзагъэр кьыщежьэр щапIа унагъуэрщ, фIы ящIэу дунейм тетыну быныр зыгъасэ адэ-анэм я дежщ. Армырамэ, Борисрэ Еленэрэ я бынхэм дохутыр Iэщlагъэм хуаIэ лъагъунытыгъэр дэнэ кьыздрахар? Къулыкъур, цIэ лъапIэр - ахэрахъым Чэримхэ я унагъуэм кьыщыхъуахэм гъуэгугъэлъагъэ яхуэхъуар, атIэ я адэ-анэм я щапхъэр гъуазэ ящIауэ аращ.

Борис ипхьу Беллэ 1983 гъэ лъандэрэ щолажьэ сымаджэщым. Школыр дыщэ медалкIэ, институтыр диплом плъыжькIэ кьиухащ абы. Неврологие кьудамэм дохутыр-ординатор зэхэзи щыщIидзауэ арат пщащэм. Иджыпсту кьалэ сымаджэщым и дохутыр нэхъыщхьэм и кьуэдзэщ, кардиологиемкIэ, терапиемкIэ Iэщlагъэлlкъым. Ар Iэщlагъэлlым дохутырхэм я щIэныгъэм щыхагъахьуэ курсу кьралым и институт нэхъыфIхэм щыIэхэм мызэ-мытIэу и Iэзагъым щыхигъэхьуащ. Сертификату щыиIэщ, абы щыщщ функциональнэ диагностикэмкIэ дохутыр зэрыхьуари.

Зэкъуэшхэу Тимуррэ Маратрэ зэгъусэу КъБКъУ-м медицинэмкIэ и факультетыр кьаухащ, иужькIэ я гъуэгуанэр зэхэкIащ. Марат Москва педиатриемрэ хирургиемкIэ щыIэ щIэныгъэ-кьэхутакIуэ институтым и ординатурэм щеджащ. ИкIи Москва къыщыхэгъуихауэ щыгъащ сабийхэм я Iум ирихьа хьэпшыпI щыкIыфэкIуэр кьыщыжьэдахьыж кабинет.

Дыдэрэ зэманым Марат доцентщ, КъБКъУ-м щрегъаджэ - педиатрхэр егъэхьэзыр, практикэ медицинэри Iэщlыб ищIыркъым. Марат КъБР-м Узыншагъэр хьумэнымкIэ и министерствэм штатым хэмыт и сабий пульмонолог нэхъыщхьэщ. ИщхьэкIэ си гугъу тщIа кабинетым хуэдэ Налшык кьыщызэIуихауэ мэлажьэ.

Тимур ди республикэм и хирург нэхъ лъэрыхьхэм ящыщщ. Ар зи лэжьыгъэр фIыуэ зыльагъу, зэчиншхуэ зыбгъэдэлъ Iэщlагъэлlщ, категорие нэхъыщхьэ зиIэ дохутыр. Зыпэрыт Iэнатlэм хуиIэ гукъыдэжымрэ и Iэзагъымрэ кьыпкIауэ и лэжьэгъуэхэм я дежи щиIэ Iульджыр, сымаджэхэм я дзыхь кьызырагъэзыр. Хирургым и лэжьыгъэр, и щIэ кьыдэхуэ жэуапIныгъэр щыкIуэкым, ауэ зи Iэщlагъэм кууэ хэзыщIыкI Тимур абы фIы дыдэу полъэщ.

ИлъэсипщI хьуауэ цIыхухэм я


Чэрим Борис

Борисрэ Налшык кьалэ сымаджэщым и дохутыр нэхъыщхьэ Щоджэн Николайрэ.


Чэримхэ я унагъуэр.

Ипхьу Беллэ, кардиолог, терапевт.

И къуэ Тимур, хирург.

И къуэ Марат, пульмонолог.

Беллэ ипхьу Къарей Элинэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и сурэттехц.

ЩIалэгъуалэ зэпеуэ

Аргуэру токIуэ

«Динамо» (Мэзкуу) - «Спартак-Налшык» (Налшык) - 0:2 (0:0). ЩыщхьэIум и 16-м. Мэзкуу. «Динамо» стадион. Щыху 200 еплъащ.

Судьяр Мешков (Дмитров).

«Динамо»: Шунин, Медведев, Лобков, Плиев, Рыховский, Алимчев, Замалиев (Алпатов, 69), Свежов, Кокорин, Смолов, Пименов (Панин, 62. Моргошия, 84).

«Спартак-Налшык»: Кращенкэ, Соблир (Кхъуэныхь, 88), Шэрий, Шумейкэ (Патяк, 46), Филатов (Бикмаев, 46), Балькъэр, Зрум, Степанов, Захаров (Карауш, 63), Фрунзе (Гъубж, 53), Кьэж эр (Гъущокъуэ, 46).

Топхэр дагъэкIащ Захаровым, 60 (0:1). Гъуэщокъуэм, 70 (2:1).

Дагъуэ хуащIащ Фрунзе, Свежовым, Лобковым, Патяк, Алпатовым.

ЕщанэУ зэкIэ лъхьэужьу текIуащ (абы щыщу тIум хамэ щыпIэм щыдджэгуу) «Спартак-Налшыкым» и щIалэгъуалэ командэр. «Динамом» щыущIам абыхэм кьаруущIэ кьахильъхьащ джэгум и етIуанэ Iыхьэм и пэщIэдзэм хэгъэрейхэм пенальтир кьызэрыхудамыгъэкIыфам - Смоловыр зэуа топым Кращенкэ кьригъэгъэзащI.

Шэч хэмылъу, уегъэгуфIэ ди щIалэщIэхэм я джэгукIэ. Iуапэщ ахэр ефIакIуэ зэпыту зэрыщытыр.

Щыгъуазэ фыхудощI адрей командэхэр ижьу зэрызэдджэгуам кьрикIуэхэм: **«Томь»** (Томск) - **«Рубин»** (Къэзан) - **0:3**, **«Локомотив»** (Мэзкуу) - **«Сатурн»** (Владивосток) - **«Крылья Советов»** (Самарэ) - **3:3**, **ЦСКА** (Мэзкуу) - **«Тэрч»** (Грозный) - **0:0**, **«Зенит»** (Санкт-Петербург) - **«Шинник»** (Ярославль) - **1:0**, **«Амкар»** (Пермь) - **«Спартак»** (Мэзкуу) - **2:3** (бжьыгъэр къызэIуэзыхар Бажэ Амирщ), **«Химки»** (Химки) - **«Москва»** (Мэзкуу) - **0:2**.

КЪЭХЪУН Бэч.

● КъБР-м щыIэ МВД-м къет

Хъыбар гуэр фщIэмэ



Налшык къалэм щыIэ УВД-м и криминальнэ милицым къелъхьуэ Тупчий Владимир Максим и къуэр, 1938 гъэм къалъхуар, Нартан къуажэ, Лениным и уэрамым тет 119-нэ унэм щыпсэуар, 2008 гъэм бадзэуэгъуэм и 24-м Налшык къалэ Чкаловым и уэрамым тет 99-нэ унэм и дежи ГАЗ-3110 автомашинэ гъэшхомкIэ, зи къарал номерхэр ямыубзыхуамкIэ, Iыкlар икIи хъыбарыншэу кIуэдар.

И теплъэр: илъэс 60-65-рэ ептынщ, и лъагагъэ см 185-186-рэ, и щхьэцыр тхъуащ, сэмэгумкIэ ирежьэкI, и набдзэхэр дыкъуахъуэщ, нэ фIыцIэщ, пэ захуэщ, и Iупэхэр пIащэщ.

Абы щыгъащ: джанэ зэрпыдз, гъуэншэдж щыхуфIыцIафэ, туфльэ кхъуэщыныфэ.

Абы иIыгъащ: «Нокия» 1101 жыпI телефонышхъуэ, фэ тебзэ иIэу, телефоным илъащ «сим-картэ» №8-960-430-74-12.

Тупчий Владимир Максим и къуэм и хэщIапIэм щыгъуазэ щыIэмэ, дыныволъэIу Налшык къалэмкIэ УВД-м мы телефонхэмкIэ фыкъэпсэльэну: 49-42-43 е 02.

Къэрал кIуэцI Iуэхуэхэмкlэ министерствэу КъБР-м щыIэм и пресс-Iуэхуцlапlэ.

● Шахмат

Гроссмейстерхэр псоми яцIыху

Куэдыр щыгъуазэщ Налшык мыгувэу къыщызэIуахыну дунейпсо цIыхубз чемпионатым нэхъ шахматисткъэльэдыдэхэр зэрыеуэтынум. Ди дежи къэкIуэну цIыхубзхэм яхэпщ цIыхухьуэхэм я зэпеуэхэми дунейпсо гроссмейстер щыхьуахэри.

АТIэ сыт а «гроссмейстер» цIэм кьикIыр икIи сыт хуэдэ мыхьэнэ абы иIэр?

Мы псалъэр нэмыцэбзэм кьытокI икIи «мастер Iэзэ дыдэ» жиIэу аращ. Дунейпсо шахмат зэгухьныгъэм (ФИДЕ) игъащIэкIэ зэрахьэну яфIещ зэпеуэхэм нэхъ лъэщу зыкъыщызыгъэлъагъуэхэм. Зи гугъу тщIыр «дунейпсо гроссмейстер» цIэрщ. Ауэ къэралым езым и «гроссмейстер» цIэр фIащ Урысеймрэ Венгриемрэ я шахмат федерацэхэми.

Тхыдэ мыжьыкъэм дгъэзэжьнщ. Блэкъа лIэщIыгъуэм и 20 гъэхэм гроссмейстеркIэ зэджэр дунейпсо зэпеуэхэм щытекIуаехэрт. Псалъэм и хьэтыркIэ, Алехин Александр, Капабланкэ Хосе Рауль, Керес Пауль, Ласкер Эммануил сымэ, нэгъуэщI зыбжанэми.

СССР-м гроссмейстер цIэр 1927 гъэм щигъэуващ 5-нэ Союзпсо шахмат съездым. 1931 гъэм ар якъутэжащ, арщхьэкIэ 1935 гъэм щIэрыщIэу зэфIагъэувэжащ. А цIэр Ботвиннник Михаил фIащащ а илъэс дыдэм Москва щекIуэкIа ЕтIуанэ дунейпсо зэпеуэм фIыуэ зыкьызэрыщигъэлъэгъуам кьыхэкIыу.

Гроссмейстер цIэр зэрыфIащ хабзэр 1940 гъэм СССР-м и ЦIыхубэ Комиссархэм я Советым и деж Физкультурэмрэ спортымкIэ щыIэ комитетым кьыщтащ.

1976 гъэ лъандэрэ цIыхубзхэми кьыфIащ гроссмейстер цIэр. 1988 гъэм ирихьэлIэу дунейпсо гроссмейстер хьуакIэт цIыхухэу 314-рэ, цIыхубз 80. Пэжщ, абыхэм я нэхъыбэ дыдэр мы зэманым джэгужырыкъым. Ауэ абыхэм я щIэблэхэу Налшык кьэкIуэнухэм шахматым хуабжьу зрагъэужьащ икIи дэ зэпеуэ телъыджэхэр кьытпоплъэ.

МАХЪШОКЪУЭ Мухьэмэд.

●Хъужъу

Шэрэдж Ищхьэрэ къуажэм щыпсэу Вындыкъ Роксанэ Тимур и пхъур нобэ къыщалъхуа махуэщ, и ныбжьыр илъэсих прокъу

ФIыуэ тлъагъу ди пщащэ гъэфIэн щыкIу Роксанэ! Уи махуэр дыгъэпсу, уи уафэр кьащхъуэрэ уи щытыпхъэр щхьэуантIэу щытыну, туфIагъуэрэ дзрэжэгъуэкIэ гъэнщIа сабингъуэ уиIэну, узыншагъэмрэ беягъэмрэ уи куэду, узыхэтым щIэныгъэрэ Iэщlагъэкlэ уефэкlыну, уэркIэ дыгушхуэу гъащIэм гу щыпхъуэну, насыпинкIэ Тхьэр кьыпхуэупсэну дынохьуэхьу!

Щоджэнхэкlэ уи адэшхуэ Борис, уи анэшхуэ ФатIимэт, уи анэ дэлъхуэху Рустам, Руслан.

●Аруан куей

ЩIалэгъуалэм папщIэ

МЫ ГЪЭМ и мэкъуауэгъуэ мазэм щегъэжьауэ Джэрмэншык кьуажэм дащIыхь спорт Iуэхущlапlэ. Лэжьыгъэхэр зы махуи зэпагъэукъым, бжьыхьэм хьэзыр хьун хуейщи. Унэм ирахьэлIэ псэуалъэпхъэ нэхъыфIхэр: бжэ-щхьэгъубжэхэр пластикэм кьыхэщIыкIащ, унащхьэм тралъхьэнущ кхъуэщыныфIхэм щыщ, унэлъэгур кьращIыкIынущ хуабагъыр сыт щыгъуи зыIыгъ хьэфэ лIэужьыгъуэщIэхэмкIэ. Ар яуэху Ерэн Жамболэт зи унафэщI «Эрлак» ЗАО-м и мылъку кIэ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● Гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэ

А Iуэхугъуэхэм зэи теплъэкъукIыркъым

Сыт и лъэныкъуэкIи дахэ, зэмыфэгу гъэмахуэ лъэхъэнэм псом нэхърэ нэхъыбэу щыгуфIыкIыр сабийхэрщ. Дауи, гъэджэгъуэщIэм и пэ кьихуэ а зэманыр нэгъэзыужьу, я узыншагъэм хагъэхьауэр щIу гуэрхэр кьащIауэ щIыкIуэм егъэгъэкIуэным мыхьэнэшхуэ иIэщ. А Iуэхугъуэхэм зэи теплъэкъукIыркъым егъэджэныгъэмкIэ Дзэлыкъу департаментыр. ЩIыпIэм хиубыдэ школхэм екIуалIэ сабийхэм я гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэр сыт щыгъуи нэсу кьызэгъэпщащ.

ЛЭЖЬЫГЪЭФI щызэфIах Малкъ къуажэ щыIэ «Пшэпсть плъыжьхъэр» сабий лагерым. Мы зэманым абы зыщагъэпсэху ныбжьыщIэхэм я ещанэ гупым. Зыхуей-зыхуэфI псомкIи кьызэгъэпэща сабий Iуэхущlапlэм щекIуэкI лэжьыгъэр и нэIэм щIэтщ лагерым и унафэщI Куэцэ Аслъэнбий.

- Гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэ зэманым ныбжьыщIэхэм я узыншагъэр егъэфIэкIуэныгъэр ди лагерым и кьалэн нэхъыщхьэр. Абы и лъэныкъуэкIэ мыхьэнэшхуэ идот физкультурэмрэ спортымрэ. ФIыуэ кьыдгуроIуэ сабийр узыншэмэ, щIэныгъэкууи зэрызригъэгъэутыфынур, - я лэжьыгъэм топсэлъыхь Куэцэр. - Зи хъуреягъыр щхьэантIагъэ, зыхуей псори щагъуэт мы щIыпIэм яфIэфIу зыщагъэпсэху цIыкIухэм, щIыхунши дыхъуркъым.

Лагерым щыIэ ныбжьыщIэхэм ядолажьэ зи кьалэнхэм хуэпэж гъэсакIуэхэр. Сабийхэм папщIэ абыхэм кьызэрагъэпэщащ гуэкъей зэмылIэужьыгъуэ куэд. Абыхэм цIыкIухэм Iэмал щаIэщI Iэщlагъэ зэхуэмыдэхэм зыщыкхурагъэсну. Сабийхэм папщIэ мэлажьэ псыгуэн кьабзэр, щыIэщ топ джэгупIэ зыбжанэ. Гулытэ хэха егъуэт ахэр тэмэму, кьэуат зыщIэлъ ерыскъыкIэ гъэшхэнми.

Шэч кьытетхьэркым мыпхуэдэу хьэлэмэту гъэмахуэр езыхьэкIа сабийхэм гъэ еджэгъуэщIэр гукъыдэж яIэу, къаруущIэкIэ зэрыщIадзэжынум, «Пшэпсть плъыжьхъэр» лагерыр куэдрэ ягу кьыщрыкIыжынум.

БАЦЭ ФатIимэ.
Малкъ къуажэ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР
ЖьэкIэмыхьу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Жылаес Маритэ, Ныбжьк Таисэ, Уэрдокъуэ Жансурэт, Хьэжыкъарэ Алик, Шал Мухьэмэд.**

ДИ ХЭЩIАПIЭР

360030, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 5, ебгъуанэ - ешIапIанэ къатхэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэныкъ Iуэхуэхэмкlэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 47-22-63, 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьумэ Iуэхуцlапlэхэм ядолажьэныкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 42-63-64, 47-32-15; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериеи - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущlапlэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжыгъэхэм, кьыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ аухэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуу зэныгъ щыгъкым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьныр и пщэ дольщ КъБР-м федеральнэ пощт зэныщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 42-06-51, 42-19-59.
Газетыр щыпымкIэ жэуап ехь КъБР-м и "Роспечать" АО-м.
Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м №Н-0065-м щIэту ягъуаи.
Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

КъБР-м ЩIыхабзэмрэ хъыбарегъащIэ ГънатIэхэмкIэ и министерствэм 1905 гъэм щыIа Революцэм и цIэр зезыхь и полиграфкомбинат, Налшык къ., Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 33, телефоныр 42-35-75.

Мы кьыдэкIыгъуэм елъэныкъуэ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Къаншокъуэ Эллэ, редактору Истепан Залинэ, корректорхэу Афэ Тамарэ, Щоджэн Инэ, ПхятIыкI Юрэ, Табыщ Динарэ, корректорхэм я дэлэныкъуэгъу Иуан Заирэ. Компьютерхэр газетым и технэр ящIащ: Дол Маринэ, ЩакIуэ Мадинэ, сурэтыщI Бицу Аминэ.

Номерыр "Адыгэ псалъэм" и компьютер ГънатIэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ тедзэн хуейщ сыхьэт 20.00-м. Щыгрддзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индекслр 51531●Гираж 10.008●Заказ №2790